УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

Черкес хэку

№19
(13686)

2022 гъэ, гъатхэпэм (мартым) и 17, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Москва къалэ

Хэгъуэгум и экономикэм

УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Новак Александррэ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ Москва къалэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ.

ЛъэныкъуитIыр республикэм щызэфIэува экономикэ щытыкIэм, хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ зыщIэгъэкъуэным и Iэмалхэм, инвестицэ жыджэрагъыр къэIэтыным и кIуэрабгъухэм ирипсэлъащ.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм зэрыжиIащи, КъЧР-м и экономикэ щытыкIэр емыкIэкIуэнымкIэ Iэмал зэхуэмыдэхэр ягъэзащIэ.

Новак Александр жиIащ дяпэкIи республикэм деж инвестицэ лэжьыгъэм щыпыщэн, зыщегъэужьын зэрыхуейр. Апхуэдэу къыхигъэщащ Архъыз, Тебэрды, Домбай курортхэм я зыужьыныгъэр, жыг хадэхэм зыкъегъэIэтын Iуэхур.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Политикэ

ДЖЭРДЖЭ Руслан,
Адыгэ-Хьэблэ къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэм и унафэщI:

— Мы зэман къекIуэкIым дэтхэнэри дызыгъэпIейтей, ди гур зыхуз Iуэхугъуэщ Украинэм щекIуэкI спецоперацэр. А Iуэхугъуэр Iэмал имыIэу егъэкIуэкIыпхъэу унафэ къэзыхьа, ди къэралым и Президент Путин Владимир и къыхэлъхьэныгъэр, шэч хэмылъу, дыдощтэ.

Илъэсийм къриубыдэу Донбассым щыпсэухэр: лIыжь – фызыжьхэр, щIалэгъуалэр, сабийхэр гугъу щрагъэхьым, щызэтраукIэм, зэхэзехуэн щащIым, КъухьэпIэм зиущэхуащ, зыри имылъагъуу, зыри зэхимыхыу зищIащ. Ар къызыгурымыIуэ къытхэтыжу си фIэщ хъукъым.

Нобэ Украинэ хэгъуэгум щекIуэкI спецоперацэм ипкъ иту Урысей къулыкъущIэхэм мамыр гъащIэр, щхьэхуитыныгъэр къыхуахьыж Донбассым и цIыхухэм. Абыхэм ерыскъыкIэ, хьэпшыпкIэ, хущхъуэхэмкIэ зыщIагъакъуэ.

Дыщогугъ къэралхэм я политикхэм зэдрагъэкIуэкI зэпсэлъэныгъэм зэгурыIуэныгъэ къикIыну. ИкIи, пэжагъым утыкур иубыду, зэпэщIэтыныгъэм кIэ игъуэтыну, Донбасс хэгъуэгур мамыр псэукIэм теувэжыну.

Зи къулыкъу пщэрылъыр зыгъэзащIэу, ди Хэкум и гъунапкъэхэр зыхъумэу, Донбассым щыпсэу цIыхубэм къащхьэщыж ди къулыкъущIэхэм, а операцэм лIыгъэ щагъэлъагъуэу, хахуэу хэтхэм, псэкIэ дакъуэтщ.

Догугъэ ди щIалэхэр узыншэу къытхуекIуэлIэжыну. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ ТекIуэныгъэр къытхуэзылъэща, лIыхъужьыгъэ зезыхьа ди адэшхуэхэм я щапхъэращ нобэ Украинэр хуит зыщIыж щIэблэм я гъуэгугъэлъагъуэр.

Шэчыншэу, пэжым гъуэгу игъуэтынущ икIи текIуэныгъэр къылъысынущ.

ПСЭУН Аслъэн,
КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэм и къуэдзэ:

— Ди къулыкъущIэхэм я унэхэм пэжыжьэу я къалэн ягъэзащIэ. Абыхэм ящыщ куэд — ди гъунэгъущ, ди Iыхьлыщ. Зэрынэрылъагъущи, хэт и дежкIи Iуэхур хьэлъэщ, гур зыхузщ.

Псоми сывэлъэIуну сыхуейщ ди щIалэхэм ягъэзащIэ пщэрылъыр ядэфщтэу гурэ-псэкIэ защIэвгъэкъуэну. Абыхэм ар зыхащIэнущ икIи къащхьэпэнущ. Езыхэми захуэзгъэзэнщи: фыкъыдгуроIуэ, щIэх къэвгъэзэжыну дыфпоплъэ.

ЗэIущIэ

Къалэнхэмрэ Iэмалхэмрэ

Тхьэмахуэ кIуам КъЧР-м и Iэтащхьэм иригъэкIуэкIа зэIущIэр республикэм и социально-экономикэ щытыкIэ зэпIэзэрытыр хъума хъуным, абыкIэ зэфIэхыпхъэ къалэнхэм теухуауэ щытащ.

ЗэIущIэм хэтащ КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, УФ-м и Федеральнэ ЗэIущIэм ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Салпагаров Ахъмэт, вице-премьер Поляков Евгений, хэгъуэгум экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр НэкIухъу Алий сымэ.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ икIэщIыпIэкIэ хэгъуэгу мыхьэнэ зиIэ Iэмалхэр зехьэн зэрыхуейр. Ахэр зытеухуар цIыхухэм, хыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ защIэгъэкъуэнращ. Абы лъабжьэ хуэхъунущ федеральнэ, УФ-м и Президент Путин Владимир игъэнэIуа унафэхэр.

КъЧР-м и Iэтащхьэм республикэм и Правительствэм къалэн щхьэхуэхэр хуигъэуващ. Ахэр экономикэр зэтеIыгъэным, социальнэ мыхьэнэ зиIэ хьэпшыпхэм, ерыскъыхэм я уасэхэр хэмыхъуэным, лэжьапIэ IэнатIэхэр къызэтегъэнэным теухуащ.

Темрезов Рэшид къытеувыIащ зэфIэува щытыкIэхэм емылъытауэ инвестицэ проектхэр гъэлэжьэн зэрыхуейм. Абыхэм хэгъуэгум и экономикэр лъагапIэщIэхэм дашынущ, лэжьапIэщIэхэр къадэунэхунущ.

ЗэпIэзэрыт щытыкIэм

КъЧР-м и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат иджыблагъэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ республикэм и экономикэр зэпIэзэрыту къызэтегъэнэным, зэфIэзэрыхьыгъуэ щымыIэным и Iэмалхэр зехьэным. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къызэщIрагъэубыдэнущ хыхьэхэкI цIыкIумрэ ику итымрэ.

КъЧР-м экономикэ щытыкIэр щемыкIэкIуэным хуэунэтIауэ зэфIахыну Iуэхухэр ягъэбелджылащ, ухуэныгъэ къудамэм къалэну мы гъэм хуагъэнэIуахэри ягъэзэщIэнущ.

КъинэмыщIауэ, уасэхэм кIэлъыплъ оперативнэ штабым лэжьыгъэм пищэнущ социальнэ мыхьэнэ зиIэ хьэпшыпхэм, ерыскъыхэкIхэм, ухуэныгъэ пкъыгъуэхэм, къинэмыщIхэм я уасэхэм хэмыхъуэным хуэунэтIауэ.

Зыгъэхьэзырар
ТУАРШЫ Ирэщ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид Хэку зауэшхуэм и ветеран Канаматов Абдул и къуэ Хьэмид илъэси 100 зэрырикъуам и щIыхькIэ ехъуэхъуащ.

ЛIыщIыгъуэ ныбжь

«Езым и ныбжь щIэблэм яхуэдэу, ветераным куэд и нэгум щIэкIащ. Арами, зауэми, лъэпкъыр Хэкум зэрырагъэкIами, зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэми абы и цIыхугъэри, хэкупсагъэри яхуэгъэужьыхакъым.

Абдул и къуэ Хьэмид къэралым, дунейм къыщыхъу псоми щыгъуэзэным ноби хуэпабгъэу псэу цIыхущ, ар и хэку цIыкIум хуэгумахэщ. Хуабжьу гуапэщ ар гулъытэкIэ и Iыхьлыхэм, гъунэгъухэм, быным къаухъуреихьауэ плъагъуныр. Ар — дэ тщыщ дэтхэнэмкIи лIыгъэм, щIыхьым, хэкупсагъым я щапхъэщ, къэралым и цIыхущ, гуащIэрылажьэшхуэщ, унагъуэлI щыпкъэщ.

Ди хэкуэгъум сохъуэхъу узыншагъэ быдэкIэ, гукъыдэжкIэ, нэжэгужагъэрэ зэIузэпэщыныгъэрэкIэ! Ди щхьэхэр пхудогъэщхъ, Абдул и къуэ Хьэмид! Совет зауэлIым и ЛIыгъэм — ену щIыхь!» — щитхащ республикэм и Iэтащхьэм Телеграм каналым щиIэ напэкIуэцIым.

Ди корр.

Ухуэныгъэм

ЩIаплъыкI зэпыт

КъулыкъукIуэцI зэIущIэ республикэм щекIуэкIащ. Ар ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэм я уасэхэр нэIэм щIэгъэтыным, хэмыгъэхъуэным теухуауэ щытащ.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ вице-премьер Гордиенко Евгений. Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп пкъыгъуэхэм я уасэхэм, ахэр зэтеIыгъэным теухуа хабзэхэм, хьэпшыпхэр къэщэхуным ирипсэлъащ зэIущIэм хэтахэр.

Унафэ къахьащ федеральнэ антимонопольнэ къулыкъум и лIыкIуэхэр ящIыгъуу ухуэныгъэ хьэпшыпхэр здащэ, здыпхагъэкI щIыпIэхэм комиссэ кIуэурэ, щытыкIэр щIаплъыкIыну.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъЧР-м ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мрэкIэ и Министерствэм къызэригъэпэща комиссэм ухуэныгъэ хьэрычэтым щылажьэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ, уасэхэр хамыгъэхъуэнымкIэ Iэмал зыбжанэ зэфIахащ.

Гордиенко Евгений къызэрыхигъэщащи, Министерствэм иригъэкIуэкIа апхуэдэ лэжьыгъэм сэбэп къихьащ, ухуэныгъэр зэпыуакъым, ухуакIуэхэмрэ Министерствэмрэ гуащIафIэу зэдолажьэ.

«Горячая линия»

ХыхьэхэкIым — дэIэпыкъуныгъэ

ХыхьэхэкIым зыщIэгъэкъуэным зи лэжьыгъэр теухуа «горячая линия» Къэрэшей-Черкесым къыщызэIуахащ. Ар зи жэрдэмыр КъЧР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Министерствэмрэ хыхьэхэкIым зыщIэгъэкъуэнымкIэ Купсэмрэщ.

А телефон зэпыщIэныгъэмкIэ хьэрычэтыщIэхэм я упщIэхэмкIэ зыхуагъэзэфынущ, къэрал дэIэпыкъуныгъэхэр зыхуэдэм зыщагъэгъуэзэфынущ, зрихьэлIэ гугъусыгъухэм ятеухуа упщIэхэри иратынкIэ хуитщ.

«Горячая линия» — м и къалэн нэхъыщхьэр — упщIэхэм жэуап иратын, хыхьэхэкIым щылажьэхэм чэнджэщэгъу яхуэхъунращ.

«Горячая линия» телефоныр: **8-800-201-32-99** (телефон зэпыщIэныгъэр пщIэншэщ). Абы псэлъар хыхьэхэкIым щылажьэхэм защIэгъэкъуэнымкIэ Купсэм и IэщIагъэлIхэм пащIэнущ. Лэжьэгъуэ сыхьэтхэр (лэжьэгъуэ махуэхэм): 9-м щегъэжьауэ 18-м нэгъунэ.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Уасэхэр — нэIэм

КъЧР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ транспортымрэкIэ, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ, мэкъумэш хъызмэтымкIэ я Министерствэхэм, ОНФ-м, УФАС-м я лIыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гуп къызэрагъэпэщауэ, махуэ къэс сатущIапIэхэм уасэхэр щыщIаплъыкI.

Нэхъыбэу гулъытэ зыхуащIыр социальнэ мыхьэнэ зиIэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэщ. Апхуэдэ лэжьыгъэм, зэгурыIуэныгъэхэм япкъ иткIэрэ, «Магнит», «Пятёрочка», «Лента», «Перекрёсток» сатущIапIэ нэхъ инхэм уасэхэр зэпIэзэрыту зэтраIыгъэ, социальнэ мыхьэнэ зиIэ ерыскъыхэкIхэр лъапIэ ящIкъым.

Оптовэ сатущIапIэхэм, къинэмыщIхэм мардэм икIыу уасэхэр драгъэкIуеяуэ гу лъыфтамэ, УФАС къулыкъум, прокуратурэм захуэвгъэзэнкIэ фыхуитщ.

ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ

Щыгъуэ

Ди зэхуэдэ гуауэщ

КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид яхуэщыгъуащ республикэм щыщ зауэлIхэм, зи къулыкъу къалэнхэр зыгъэзащIэу зауэм хэкIуэда ди лъахэгъухэм. Апхуэдэу, зауэм хэкIуэдащ ди хэгъуэгум щыщ рядовой Костин Павел Евгеньевич, сержант Лобачев Тимур Абдулович, ефрейтор Брюханов Владислав Дмитриевич, рядовой Гочияев Назар Дэхьир и къуэр.

ХэкIуэда зауэлIхэм я унагъуэхэм, я анэ-адэхэм щыгъуэ псалъэхэмкIэ захуигъэзащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

«Республикэм щыпсэу дэтхэнэми фи гуауэр къывдагуэш. Ар псоми ди зэхуэдэ гуауэрэ хэщIыныгъэрэщ. Ахэр дэркIэ лIыгъэм, бэшэчагъым, быдагъым, Хэку фIылъагъуныгъэм я щапхъэщ. Хэхауэ фIыщIэ псалъэхэр яхузогъазэ апхуэдэ къуэхэр зыпIа анэ-адэхэм. Ахэр я иужьрей дакъикъэм нэгъунэ хуэщыпкъащ Хэкум хуащIа тхьэлъанэм. Ди ЛIыхъужьхэр, хъумакIуэхэр, хэкупсэ-лъэпкъыпсэхэр, Къэрэшей-Черкесымрэ Урысеймрэ я къуэ щыпкъэхэр — ахэр сыт щыгъуи цIыхубэм и гум илъынущ, я фэеплъыр тхъумэнущ, Хэкум и тхыдэм къыхэнэнущ!

Урысей Дзэм и сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ цIыхубэм, къэралым и къэкIуэнум, сабийхэм, зи ныбжь хэкIуэтахэмрэ бзылъхугъэхэмрэ я мамыр гъащIэм я плъырщ, и хъумакIуэщ. Ди щхьэр яхудогъэщхъ ди зауэлIхэм я лIыгъэм. ХэкIуэдахэм — фэеплърэ щIыхьрэ!

Фи гукъеуэмрэ нэщхъеягъуэмрэ фдызогуэш. Псэ быдагъэ, къару фхэлъыну», — итщ тхыгъэм.

ХэкIуэдахэм я унагъуэхэм хэгъуэгу дэIэпыкъуныгъэхэр ирагъэгъуэтынущ.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Медицинэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм и ковид-сымаджэщхэм щIэлъхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэ хъуащ. Мы пIалъэм ехъулIэу сымаджи 150-м йоIэзэ. Ар 2021 гъэм и гъэмахуэм щегъэжьауэ щыIа бжыгъэм и нэхъ мащIэ дыдэщ. Иужьрейуэ апхуэдэ бжыгъэ мащIэ щыщыIар илъэс кIуам и мэкъуауэгъуэ (июнь) мазэм и 20-ращ.

Узыр мэужьыхыж

НобэкIэ республикэм ковид-сымаджэщиплI щолажьэ. Абыхэм ящыщу Усть-Жэгуэтэ ЦРБ-мрэ КЧРКБ-мрэ ковид сымаджэхэр ящтэжкъым. ЩIэлъыхэхэр зэрыхъужу къыщIатхыкIыжынущи, сымаджэщхэр я лэжьыгъэ къызэрыкIуэм трагъэпсыхьыжынущ.

Ковид-сымаджэщу адэкIи и лэжьыгъэм пащэ Черкесск къалэ клиникэ сымаджэщымрэ республикэ сабий сымаджэщымрэ.

ЖыIэпхъэщи, республикэм ковид узыфэр щоужьыхыж. Гъатхэпэм (мартым) и 9-м ехъулIэу сымаджэ бжыгъэр зэрыхъуар 139-щ. Узым щигуащIэгъуэм, мазаем (февралым) и 12-м а бжыгъэр 406-м нэсат. Апхуэдэ пIалъэм елъытауэ, сымаджэм я бжыгъэр хуэдищкIэ нэхъ мащIэ хъуащ.

ОборудованэщIэ

«Модернизация первичного звена здравоохранения КЧР» программэм ипкъ иту, республикэм и район сымаджэщхэм папщIэ медицинэ оборудованэ зэмылIэужьыгъуэу 11, сом 18037320-рэ и уасэу зыIэрагъэхьащ.

Мэкъумэш хъызмэт

ЖылапхъэкIэ зэхурикъуу

Гъатхэ вэн-сэным щIэзыдзаи, икIэщIыпIэкIэ а лэжьыгъэхэр езыгъэжьэни Къэрэшей-Черкесым и мэкъумэш хъызмэтхэм яхэтщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сэныр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ жылапхъэм. АтIэ, къэралыр зыхэхуа экономикэ зэфIэзэрыхьыгъуэ щытыкIэхэм, Украинэм къыщыхъея зауэм и зэранкIэ, хамэ къэралхэм къэрашу хъызмэтхэм зыIэрагъэхьэу щыта жылапхъэхэр къаIэрымыхьэжмэ, дауэрэ зэфIэзэрыхьыгъуэм къыхэкIыну, е узытегузэвыхьын щытыкIэ мыбы и лъэныкъуэкIэ щымыIэу пIэрэ?

Iуэхур зэхигъэкIыу «Къэрэшей-Черкес» РИА-м къепсэлъащ жылапхъэфI къэгъэщIынымкIэ «Колос» заводым и унафэщI Смакуев Руслан.

— Заводым илъэсым жылапхъэ тонн мини 10 къегъэщI. Абы тепщIыхьмэ, тегъэчынауэ жысIэфынущ жылапхъэ хуэныкъуэ псори заводым къызэрызэригъэпэщыфынур. Жылапхъэу къыщIэдгъэкIыр гектар мин 450-м яхурикъунущ. АтIэ, Къэрэшей-Черкес Республикэм исэр гектар мин 50-м нэсщ. Апхуэдэщи, республикэм къинэмыщIауэ, Ставрополь, Краснодар крайхэри ди жылапхъэхэмкIэ къызэдгъэпэщыну къарурэ зэфIэкIрэ диIэщ, — жиIащ IэщIагъэлIым.

КъинэмыщIауэ, Смакуевым къызэрыхигъэщащи, гъатхэ сэгъуэ пIалъэр къэсыным и пэ къихуэу нэгъуэщI, гъэм и пIалъэхэм тегъэпсыхьа къинэмыщI лэжьыгъэхэри ирагъэкIуэкI. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм Къэрэшей-Черкесри, Ставрополь крайри къызэщIрагъэубыдэ.

— Ди республикэм къыщымынэу, адрей хэгъуэгухэри ди жылапхъэхэм къыщIоупщIэ, ящэху. ЖыIэпхъэщи, республикэм щIыгуу игъэлажьэм и зэхуэдитIым ди жылапхъэращ трасэр. Апщыгъуэми, хамэ къэрал жылапхъэм и уасэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ мащIэщ ди деж къыщагъэщIа жылапхъэм техуэр, — къыщIигъужащ Смакуев Руслан.

ТУАРШЫ Ирэ

ОПЕРАТИВНЭ ШТАБЫМ КЪЕТ: COVID-19

Гъатхэпэм (мартым) и 16-м ехъулIэу:

47-м	уз зэрыцIалэр къэйуэлIащ
979-рэ	дунейм ехыжащ
44766-рэ	сымаджэхэм я бжыгъэщ
39191-рэ	хъужащ
83-рэ	сымаджэщхэм щIэлъщ

ДифI догъэлъапIэ

Лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр

Хэт еджапIэмрэ егъэджакIуэхэмрэ пщIэ яхуэзымыщIыр? Уеблэмэ, ахэр социальнэ гуп щхьэхуэу къалъытэ. Сэри, адрейхэм хуэдэу, абыхэм нэхъ лейуэ си гур яхуэмыгъуэщ. Си IэщIагъэкIэ сызэрыегъэджакIуэри абы хэту къыщIэкIынщ. ЕгъэджакIуэхэр псори зэрепх сабийхэр фIыуэ зэралъагъум, я лэжьыгъэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэр абы зэрыхалъагъуэм.

ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щыщ егъэджакIуэ нэхъыжь, зи илъэс 80-р иджыблагъэ зыгъэлъэпIа Темыр Фатимэ (Риммэ) Мэжид и пхъур къэзымыцIыху къуажэм дэскъым.

Фатимэ химием хуеджэну щIэхъуэпсу щытащ, ауэ и насып къихьакъым. И анэр сымаджэрилэт, и шыпхъухэр унагъуэ ихьати, и анэр и закъуэ къигъэнэфакъым. Къэрэшей-Черкес педагогическэ институтыр нэхъ гъунэгъути, абы щIэтIысхьэри, щеджащ урысыбзэмрэ литературэмрэ я егъэджакIуэу. ИкIи Темыр Фатимэ хущIегъуэжакъым урысыбзэмрэ литературэмрэ я егъэджакIуэ IэщIагъэр къызэрыхихам. Абы и гъащIэр зэрыщыту еджапIэмрэ сабийхэмрэ ярипхащ.

ЕджапIэм лэжьэну щыIухьам, чэнджэщэгъу, гъуэгугъэлъагъуэ къыхуэхъуащ егъэджакIуэ нэхъыжьхэр, абыхэм я гупсысэкIэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ. Гуапэу игу илъщ цIыхугъэшхуэ зыдилъэгъуа Аргунхэ ПIатIэрэ Олегрэ, Арэшыкъуэ Къанщауэ, Iэззэхэ Нарычрэ Мухьэмэдрэ, Темыр Умар, Тэтэрщауэ Ремэ, Уэзрокъуэ Хьэмид, Молэ Рэшид, Къардэн Ася, Мэкъуауэ Фатимэ, ПэтI Фатимэ, ПIэф ФуIэд.

Илъэс 40-м щIигъукIэ сабийхэр егъэджэным, гъэсэным зи гуащIэ хуэзыгъэтIылъа Фатимэ и гъащIэ зэхэщIыкI бейм къыхэкI гупсысэхэри, зытепсэлъыхьыни гъунэжу иIэщ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, абы къызэрилъытэмкIэ, егъэджакIуэмрэ сабийхэмрэ зэрымыцIыхумэ, зэмысамэ, ахэр ныбжьэгъу зэхуэмыхъумэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум къикIын щыIэкъым. ЕджакIуэр къыдэзымышэхыф, абы и гур, и псэр къэзымыхьэхуф егъэджакIуэм лъэкIынукъым щIэблэм щIэныгъэ нэс ирityни, бгъэдэлъ зэфIэкIхэм адэкIэ заригъэужьыни. Ар и плъапIэу, и тегъэщIапIэу илъэс 43-кIэ лэжьащ Темыр Фатимэ.

Мы бзылъхугъэ гумызагъэм и лэжьыгъэр псом япэ зэрыригъэщыр гулъытэншэ хъуакъым. Ар лэжьащ ПсэукIэ-Дахэ курыт еджапIэм и завучу илъэсихкIэ, и унафэщIу илъэс тIощIрэ хыкIэ. А IэнатIэм къытекIри, 2006 гъэм пенсэм кIуауэ щытащ. Къыхуагъэфэщащ «Къэрэшей-Черкесым и цIыхубэ егъэджэныгъэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр. КПСС-м хэтащ, зы коммунист гумызагъэ Хьэбэз районым исамэ, ар етIуанэщ, щхьэихауэ иIуэтэфт и гупсысэкIэмрэ и Iуэху еплъыкIэмрэ. Зыми щымышынэу, цIыхухэм къащхьэщыжт, дэIэпыкъуэгъу яхуэхъут. КПСС-м и Хьэбэз райкомым и бюром хэтащ. ФIыщIэ, щIыхь тхылъхэр гъунэжу иIэщ. Абыхэм ящыщщ КПСС-м и Ставрополь край комитетым, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм, Хьэбэз районом къыхуагъэфэщахэр. Илъэс бжыгъэкIэ щытащ ПсэукIэ-Дахэ къуажэ Советым и депутату. КъулыкъущIапIэми, цIыху щхьэхуэми – куэдым сэбэп яхуэхъуащ.

Абы зэфIигъэкIа Iуэху хьэлэмэтхэм, купщIафIэхэм ящыщщ еджапIэр илъэси 100 щрикъум ехъулIэу, «Къуажэм и тхыдэ» музейр къызэрызэригъэпэщар. Ар халъытат Хьэбэз районым и еджапIэ музей нэхъыфIхэм. Темыр Фатимэ и щхьэкIэ, унафэ зыхуищI лэжьакIуэ гупым район, республикэ, Урысейпсо зэпеуэ зэхуэмыдэхэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. Апхуэдэу, республикэ зэпеуэм щытекIуэри, 2003 гъэм Москва къалэм щызэхэта, «Женщина - директор года» зэпеуэм Къэрэшей-Черкесым къыбгъэдэкIыу ягъэкIуа гупым Темыр Фатими яхэтащ. Хэта къудейкъым, ди хэгъуэгум икIахэм япэ увыпIэр къалъэщауэ щытащ.

Фатимэ пенсэм зэрытIысыжрэ зэманыфI текIыжами, ар зыщагъэгъупщэкъым къыдэлэжьахэм, иригъэджахэм. Фатимэ абыхэм фIыщIэ яхуещI, яхуэарэзыщ.

КъызэрилъытэмкIэ, егъэджакIуэфIым иIэжщ и лэжьэкIэ нэс, гъащIэ зэхэщIыкI иным къыхиха и Iуэху бгъэдыхьэкIэ. Абы и лэжьыгъэри, иригъаджэ сабийхэри фIыуэ елъагъу. Абы и Iуэхум нэIэ ткIийкIэ ухэмыбжьатхъуэу, езыр зэресауэ бгъэлажьэмэ нэхъыфIу къелъытэ ди псэлъэгъум. «ЕгъэджакIуэр егъэджэжын, гъэсэжын хуейкъым, абы езым къыгуроIуэ: сабийхэм яхилъхьа гъэсэныгъэмрэ ярита щIэныгъэмрэ зыхуэдэр къэзыгъэлъагъуэр щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ ищхьэ еджапIэхэм зэрыщIыхьэмрэ ахэр къызэраухымрэщ, зрагъэгъуэт IэщIагъэмкIэ къэралым, цIыхухэм, я лъэпкъым зэращхьэпэращ. АбыкIэ егъэджакIуэм гукъанэ иIэкъым», — жеIэ абы.

Темыр Фатимэ елъытэ ЕГЭ-м сабийм и щIэныгъэр нэгъэсауэ къимыгъэлъагъуэу. ГъащIэ зэхэщIыкI ин зиIэ егъэджакIуэм и еплъыкIэщ ар.

... Зэманыр напIэдэхьеигъуэщ. Дыгъуасэ хуэдэщ Темыр Фатимэ еджапIэ пэшым щыщIэтар. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьыр сыт щыгъуи цIыхугъэр, пэжыр, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ игъэнэхъапэу дунейм тетщ. Тхьэм и илъэси 100-р фIыгъуэ щымыщIэу, узыншагъэ иIэу иригъэгъэлъапIэ!

ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ.

Сурэтыр ТУАРШЫ Беслъэн трихащ

Илъэс 75-рэ

Хапчаев Сэлыхь зэ мыпхуэдэу жиIэгъащ: «ЦIыхум зэрызыхуагъазэ «Тхьэр зыхуэупса», «Тхьэм игъэпсэу», «Тхьэм и нэфI зыщыхуа», «Тхьэм и фIыщIэкIэ» псалъэхэм зы лъабжьэ яптыныр тэрэзкъым. АтIэ, сыт хуэдэ Iуэхуи ирехъу, пщIэм хахуагъэрэ пэжагъырэкIэ убгъэдыхьэмэ, фIы къызэрыпэкIуэнур наIуэщ. А зи гугъу сщIы хахуагъэм зыкIи ехьэлIакъым лъэпкъыфIагъымрэ пагагъымрэ. ЦIыхум бгъэдэлъ фIыщIагъэхэм, ар и унагъуэм зэрыхуэмыгъуэм, зэрыпылъым и цIэр егъэIу, жылагъуэм дежи и пщIэр къыщелэжьыж.



Нэхъыжь Iумахуэ

Жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым а жыхуэсIа псалъэхэр куэдым яIэщIэхужауэ, псом япэ ирагъэщ зыхуэныкъуэншэу псэуныр — мылъку къэугъуеиныр. Псори зыхуэкIуэжыр ахъшэраще, сызоупщIыж зэпыт: «Ярэби, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм куэдрэ игъэпсэуфыну пIэрэ иджы щыIэхэр, дядэжьхэм яхэлъа цIыхугъэр «къуадзэжмэ»? СлъэкIамэ, псэщIэ хэслъхьэжынти, къэзгъэщIэрэщIэжынт нобэ дэхуэха псалъэ лъэрыхьхэр. Мис итIанэ, дунейм щытлъагъужынутэкъым зауи, хьэлэбэлыкъи...»

Шэч хэлъкъым, апхуэдэ гупсысэкIэ къэзыгъэлъэгъуэфам игукIэ хъунури мыхъунури зэригъэвым, напэм къекIумрэ напэншагъэмрэ зэрызэхагъэкIыр къызэрыгурыIуэм. Аращ зи Iуэху зехьэкIэкIэ куэдым щапхъэ яхуэхъу, Къэрэшей-Черкесыр зыгъэбжьыфIэ нэхъыжьыфIхэм ящыщ Хапчаев Сэлыхь Исуф и къуэр псоми къызэрацIыхур.

Хапчаев Сэлыхь 1947 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 15-м Къыргъыз ССР-м и Кен-Арал жылагъуэ цIыкIум къыщыхъуащ. И адэ-анэр ящыщщ пщIэшхуэ зыхуащIу, сабий пIынымкIэ жэуаплыгъэ ин зыхьу псэуа зэщхьэгъусэхэм. И адэм — Исуф революцэр къэхъун ипэ мыдрисэр къиухащ, азбару КъурIэныр зригъэщIащ. Фронтым Iуту уIэгъэ хьэлъэ къыщащIым, и нэхэр хьэфиз хъункIэ шынагъуэ щыIэти, дохутырхэм захуигъазэри ягъэхъужауэ щытащ.

Сэлыхь зэрыцIыкIу лъандэрэ и ныбжьэгъухэм къащхьэщыкIт и гупсысэхэр гъэщIэгъуэну зэриухуэмкIэ, псэлъэкIэ гъэхуа зэриIэмкIэ, и псэлъэгъухэм жаIэр гукIэ зыхищIэфу, гурыхуэу зэрыщытымкIэ. Иджыри курыт еджапIэм щеджэу, ар яхуэтхэу щIидзащ ди хэгъуэгум къыщыдэкI газетхэм, къуажэ корреспондентхэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм хэтащ. И еджэнымрэ «Молодой ленинец» журналист еджапIэм штатым хэмыт корреспонденту щылэжьэнымрэ зэдихьт.

Курыт еджапIэ нэужьым, Сэлыхь щIыхьэну триубыдащ Къэрэшей-Черкес къэрал пединститутым. Къыхихыну IэщIагъэри иубзыхуагъэххэт — ар хъуапсэт филологиемкIэ факультетым щIэтIысхьэу егъэджакIуэ хъуну. Зэуэ иублащ къыдеджэ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ жыжьэ унэзыгъэс мурадхэм тригъэгушхуэу, гугъэт езым хэлъ гумызагъэгъэр абыхэми къызыкъуахынкIэ.

ЩIалэщIэм и гуащIэдэкI гъуэгуанэр щрегъажьэ Жэгуэтэ къуажэм дэт езанэ еджапIэм и лабораторэм. ПIалъэ кIэщIкIэ абдеж щылэжьауэ, и тхыгъэ купщIафIэхэмрэ цIыху хэтыкIэ зэрищIэмрэ гунэс яхуохъури, Прикубан райисполкомым и тхьэмадэ Хубиев Владимир и жэрдэмкIэ инструктор IэнатIэр дзыхь къыхуащI.

1970-1975 гъэхэм кърибыдэу Сэлыхь щылэжьащ ВЛКСМ-м и обкомым, иужьым комсомолхэм я Прикубан райкомым и япэ секретару ягъэуващ. 1975 гъэм къыщегъэжьауэ 1985 гъэм пщIондэ партым епха къулыкъу IэнатIэхэр иIыгъащ: «Усть-Жэгуэтэ» совхозым и парткомым и секретару, КПСС-м и обкомым и къызэзыгъэпэщ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэу. ИужькIэ, Ищхьэ парт еджапIэр къыщиухым, къыхуагъэфэщащ КПСС-м и Карачаевск къалэ комитетым и секретарым, гъэзэщIакIуэ комитетым и тхьэмадэм и пщэрылъхэр ихьыну.

ГъащIэм сыт хуэдэ гъуэгу Хапчаевым хухимыхами, абы и насып къихьащ районыщIэхэр, къалэщIэхэр зригъэлъагъуну, гуп хъарзынэхэм ядэлэжьэну. Абы Iэджэри ущыхуэзэнут еджапIэхэм, сымаджэщхэм, губгъуэхэм, фIамыщI къыздыщIах щIыпIэхэм, фермэхэм лэжьапIэ IуэхукIэ ягъэкIуауэ. Хэгъуэгум щалэжь, къыщыщIагъэкIым и гъэлъэгъуэныгъэхэр здынэсыр зэгъэщIэным къинэмыщIауэ, Сэлыхь сыт щыгъуи фIэгъэщIэгъуэну зэригъэзахуэт гуащIэрылажьэхэр зэрыпсэур, я Iэнэм ерыскъыуэ тетыр, я сабийхэр зэрырагъаджэр. ХуэзэфIэкIыымкIэ ядэIэпыкъут.

1987 гъэм Сэлыхь ягъакIуэ КПСС-м и обкомым, цIыхубэ депутатхэм я область Советым щылэжьэну. 1990 гъэм КъЧР-м и Ищхьэ Советым и къызэгъэпэщакIуэ, Парламентым и хъыбарегъащIэ-аналитикэ къудамэхэм я унафэщI ящI. 1996 гъэм — КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) экономикэ политикэмкIэ, бюджетымкIэ, финансхэмрэ хьэкълыкъхэмрэкIэ и комитетым и унафэщIщ.

Хапчаев Сэлыхь депутату щыткIэрэ, езым зэхигъэуващ икIи КъЧР-м и Парламентым къаригъэщтащ хабзэкъэгъэщI акт. Абдеж къыщетхэкIат парламент къэхутэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIыр, депутатхэм лъэIу тхылъхэр зэрырагъэхьыр, цIыхухэм я псэуалъэхэр зэрызытратхэр, къыхэлъытат депутатым пщIэуэ щиIэпхъэмрэ ар цIыхухэм щахэткIэ зэрызищIыпхъэмрэ, нэгъуэщI куэди.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и зэхуэшэсыгъуэ псоми депутату хахауэ щытащ. 2009 гъэм Хапчаев Сэлыхь иджыри зы пщэрылъыщIэ игъэзэщIэну къыхуагъэфащэ — ар ящI Черкесск къалэм дэт, Байрамуковэ Хьэлимэт и цIэр зезыхьэ Къэрал Лъэпкъ библиотекэм и унафэщI.

Лэжьэн зэрыригъажьэу, хэгъуэгу депутатхэр къыхуриджащ «О библиотечном деле в КЧР» хабзэм зэхъуэкIыныгъэ халъхьэну, икIи библиотекэм къатитхуу зэтет IуэхущIапIэ къыпащIыхьын папщIэ, «О развитии библиотечной системы в КЧР» хэгъуэгу программэр къаригъэщтащ. Лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ библиотекэм и мылъку-техникэ лъапсэр гъэбыдэным, тхылъ хъумапIэм и фондыр электроннэ IэмалкIэ лажьэу гъэпсыным хуэгъэзауэ.

КъЧР-м и Къэрал Лъэпкъ библиотекэм и унафэщIщ, УФ-м и тхакIуэхэм, и журналистхэм я Союзхэм хэтщ, УФ-м къэрал къулыкъумкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, КъЧР-м щIыхь зиIэ и журналистщ, «Партийная доблесть» орденым и кавалерщ, УФ-м и Къэрал Думэм и «Парламентаризмым зэрызригъэужьам папщIэ» нагъыщэм и кавалерщ Хапчаев Сэлыхь.

Нэхъыжь Iумахуэм мы махуэхэм и ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъуам папщIэ, дохъуэхъу и гъащIэр мамыру, насыпрэ гуфIэгъуэрэ щымыщIэу псэуну!

ЛЫХЬ Тимур

Уи махуэмкIэ!

Ди гум къыбгъэдэкIыу дохъуэхъу Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, КъЧР-м и къэрал къулыкъум щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ

Хапчаев Сэлыхь Исуф и къуэм

илъэс 75-рэ зэрырикъуамкIэ!

Хапчаев Сэлыхь и гъащIэр — Хэкум псэемыблэжу къулыкъу хуэщIэным, хуэщыпкъэным, цIыхугъэмрэ цIыхур фIыуэ лъагъунымрэ я щапхъэщ.

Комсомол, парт лэжьыгъэхэм щызригъэгъуэта Iуэху зэхэщIыкI иныр лъабжьэ хуэхъуащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и зэхуэшэсыгъуиплIым ехъулIэныгъэшхуэ хэлъу зэрыхэлэжьыхьам.

Республикэм и къэралыгъуэр зэфIэгъэувэным КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и япэ зэхуэшэсыгъуэм и депутатхэм, къапщтэмэ, Хапчаев Сэлыхьи яхэту, зэфIахауэ щыта лэжьыгъэр уасэншэщ. АтIэ, ахэращ илъэс 26-кIэ узэIэбэкIыжмэ КъЧР-м и Конституцэр зэхэзыгъэуваууэ щытар, къэрал нагъыщэхэр, нэгъуэщIу, мыхьэнэ зиIэ дэфтэрхэр къэзыщтар.

Хапчаев Сэлыхь фIыщIэ ин худощI илъэс куэд дыдэ хъуауэ республикэ газетхэм я редакцэхэм пыщIэныгъэ къызэрыхуиIэм, илъэс бжыгъэкIэ къыдэкIа ди газетхэр цифровизацэ щIыным хуищIа хэлъхьэныгъэ иным, республикэм и тхыдэр къэгъэщIынымрэ хъумэнымрэ зэрыхэлэжьыхьым, хэлъ хэкупсагъэмрэ лъэпкъ зэхэдз зэримыщIымрэ папщIэ.

Узыншагъэ быдэ, гъащIэ кIыхь, зэIузэпэщыныгъэ, творческэ жэрдэмыщIэхэм ущимыгъащIэкIэ, уи гум илъыр къыбдигъэхъу, унагъуэ хуабагъэр, уи Iыхьлыхэмрэ къыбдалъхуахэмрэ я фIылъагъуныгъэр къобэкIыу уигъэпсэу!

«Абазашта», «День республики», «Къарачай», «Ногай давысы», «Черкес хэку» газетхэм я редакцэхэм щылажьэхэр

Лъэпкъыбзэр хъумэным

Адыгэ Iуэрытхыр

ХабзэфI зэрыхъуауэ, адыгэу дунейм тетым лъэпкъ тхыбзэм и Махуэр ягъэлъапIэ гъатхэпэм (мартым) и 14-м. Адыгэ уэзэщIакIуэ цIэрыIуэ Бырсей Умар япэрей хьэрфылъэ тхылъ зэхигъэувэу, 1853 гъэм Тифлис къалэм къызэрыдигъэкIам ипкъ иту, махуэщIыр ягъэлъапIэ.

Гъатхэпэм и 12-м сыхьэтыр 12:00-м щIидзэу, Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Адыгэ къэрал университетымрэ онлайн гъэпсыкIэм иту ирагъэкIуэкIащ еплIанэ Дунейпсо зыузэщIыныгъэ акцэр — «Адыгэ Iуэрытхыр».

Къэбэрдей-черкесыбзэкIэ ятха Iуэрытхыр Къэбэрдей-Балъкъэр университетым щагъэзэщIащ. Адыгэ тхакIуэ КIэрэф Мухьэмэд и «Адэ щIэин мылъку хъурэ?» повестым и пычыгъуэм къахуеджар университетым къэбэрдей-черкесыбзэмрэ литературэмрэкIэ и кафедрэм и доцент Езауэ Мадинэщ.

Мейкъуапэ къалэм дэт, Адыгэ къэрал университетыр Iуэрытхым и етIуанэ утыкуу къыхахащ. Республикэм щыпсэухэм ютуб-канал къыхузэIуахри, кIэмыргуей литературэбзэмкIэ Iуэрытхыр ирагъэкIуэкIащ. Повестым къахуеджащ ищхьэ еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэкIэ и къудамэм и егъэджакIуэ Мамий Саидэрэ Шыщокъуэ Сусаннэрэ.

Iуэрытхыр щIидзэн ипэ къихуэу, ди лъэпкъэгъухэм захуигъэзащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий:

— ПщIэ зыхуэсщI си хэкуэгъухэ! Дэтхэнэ лъэпкъми хуэдэу, ди дежкIи ди анэдэлъхубзэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы дрипсалъэ къудейкъым, атIэ ар ди лъэпкъ щIэныгъэщ, лъэпкъ гъэсэныгъэщ, лъэпкъ щэнхабзэщ. Бзэм, тхыбзэм я мыхьэнэр къилъытэу, Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2003 гъэм игъэуваууэ щытащ нобэрей махуэшхуэр гъэлъэпIэныр. Абы лъандэри ар адыгэ псоми зэдыдоIэт.

Анэдэлъхубзэращ лъэпкъым и псэр. Лъэпкъыр лъэ быдэкIэ увыныр, абы и тхыдэм, гъуазджэм, щэнхабзэм зауижьыныр, лъэпкъым и цIыхухэм я зэхэщIыкIыым зиузэщIыныр – псори лъабжьэ быдэкIэ епхащ абы и бзэм. Абы къыхэкIыу, адыгэ псоми ди зэхуэдэ къалэнщ ди бзэм зедгъэужьыныр, абы и дахагъым, къабзагъым хэдмыгъэщIу, ипэкIэ дгъэкIуэтэну. Бзэр щыIэмэ, лъэпкъри псэунущ. Догугъэ ди бзэ дахэр зиузэщI зэпыту дунейм куэдрэ тетыну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым и цIэкIэ, си щхьэкIэ къызбгъэдэкIыу нобэрей махуэшхуэмкIэ си гуапэу сывохъуэхъу си лъэпкъэгъу псоми! ФIыщIэ яхузощI адыгэбзэр хъумэным зи къару, зэфIэкI, щIэныгъэ езыхьэлIэ дэтхэнэми. Лъэпкъ узыншэ Тхьэм дищI!..

Адыгэ Iуэрытхым, дуней псом тет ди лъэпкъэгъухэр къызэщIэзыубыдам, хэтащ сабийхэри, щIалэгъуалэри, нэхъыжьхэри — цIыху мини 6-м щIигъу. ИкIи ар онлайн закъуэу щымыту, язынкъуэ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ цIыхухэр зэхыхьэурэ Iуэрытхыр щрагъэкIуэкIащ. Шэчыншэу, къэрал 50-м щIигъум щыпсэу ди лъэпкъэгъухэр мы дунейпсо акцэм зэрешалIэ, зэрегъэубыд.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, кIэмыргуеибзэкIэ (адыгеибзэкIэ) 2019 гъэм япэ дыдэ ирагъэкIуэкIа Iуэрытхым цIыху мини 2-м щIигъу къыхыхьауэ щытащ.

АБЫКЪУ Къамырзэ

МафIэсым зыщыхъумэным

Шынагъуэ щыIэххэщ

Уэсыр текIыжу щIы щхьэфэр зэрытегъущыкIыжам, абы мэзхэм деж мафIэс шынагъуэ къызэригъэщIым къыхэкIыу, Къэрэшей-Черкесым щIыуэпс хэкIыпIэхэмрэ экологиемрэкIэ и Министерствэм и унафэкIэ, 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 1-м къыщегъэжьауэ, Къэрэшей-Черкесым и мэз щIыналъэхэм мафIэс шынагъуэм и пIалъэр къихьауэ ягъэуващ.

ЦIыхухэм мэзым кIуэн щагъэтынукъым, ауэ иджы къулыкъуэхэр мафIэс шынагъуэншагъэм щIэгъэхуэбжьауэ кIэлъыплъынущ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, нэгъабэрей удз гъуар зыми игъэсын хуиткъым.

2022 гъэм и мафIэс шынагъуэ пIалъэм зэрызыхуагъэхьэзырым и къэухьхэм иту, щIаплъыкIащ мафIэсхэр зэрагъэункIыфI Iэмалхэмрэ лъэкIыныгъэхэмрэ. Ахэр псори къыщыгъэлъэгъуащ мафIэсхэр гъэункIыфIыным и планым.

Къэрэшей-Черкесым щIыуэпс хэкIыпIэхэмрэ экологиемрэкIэ и Министерствэм цIыхухэр къыхуреджэ мафIэс шынагъуэншагъэ хабзэхэр текI имыIэу ягъэзэщIэным. Мэзым щIэт цIыхухэм я къалэнщ мафIэ зэщIамыгъэнэныр.

Уэздыгъей жыгыщIэхэр къыздэкI мэзым, торф здыщIэлъ щIыпIэхэм, мэз здыпаупщIхэм, удз гъур здитхэмрэ жыг лъабжьэхэр къыздыхэпIиикIхэмрэ мафIэ щащI хъунукъым.

Мэзым щыхыфIадзэ хъунукъым сеныч щIэгъэнахэр, тутын никъуэсхэр, тутын сахуэ пщтырыр, абдж къутахуэхэр, къагъэсэбэп хъунукъым пиротехникэ Iэмалхэр, бензин, дагъэ, фэтыджэн зылъэIуса пкъыгъуэхэр.

Зыгъэхьэзырар ПАЩIЭ Хьэдисщ

Росгвардия

Къыхахыну IэщIагъэм

Карачаевск къалэм щыщ еджакIуэхэм яIущIащ республикэм и Росгвардие Управленэм и къулыкъущIэхэр. Росгвардейцхэм ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзащ ведомствэм къепха ищхьэ еджапIэхэм щIыхьэну хуейхэм къахуэув щытыкIэхэм.



Апхуэдэу, Карачаевск къалэм щылажьэ, ведомствэм хэмыт хъумакIуэхэмрэ Росгвардием и щIыпIэ къулыкъум и ветеранхэм я Советым хэтхэмрэ къалэ еджапIэм щеджэхэм зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ драгъэкIуэкIащ, Росгвардием и институтхэм щIыхьэнымкIэ щыIэ бгъэдыхьэкIэхэм, щытыкIэхэм, социальнэ хуэгъэкIуэтэныгъэхэм тегъэчынауэ щагъэгъуэзащ. НыбжьыщIэхэм къабгъэдэкIа упщIэхэм жэуап иратащ.

— А институтым щIыхьэр къэрал нэIэм щIоувэ, къэралым пщэрылъ зыхуещIыж курсантыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуигъэзэныр. Апхуэдэу, курсантхэр фIыуэ зэгъэпэща казармэхэм щопсэу, ерыскъыкIэ, щатIэгъэнымкIэ, зыхуэныкъуэ тхылъхэмрэ пособиехэмрэкIэ къызэгъэпэщащ, ягъэува мардэм къыриубыдэ ахъшэ кърат, — къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм щапсалъэм полицэм и полковник Богатырев Керим.

Росгвардейцхэм къызэрагъэпэщ, еджакIуэхэр зыхэт профориентацэ зэIущIэхэр республикэм и егъэджэныгъэ IуэхущIапIэу хъуам щекIуэкIынущ.

КОВАЛЕНКО Александрэ, УФ-м и Росгвардием КъЧР-м щиIэ и Управленэм и пресс-къулыкъумкIэ жэуаплыгъэ зыхь, сержант нэхъыщIэ

Псэужамэ, илъэс 80 ирикъунут

Дохутыр щэджащэт

«ЦIыхушхуэри цIыху цIыкIури си дежкIэ сымаджэ къудейщ», — а къыхуеджэныгъэм щIэту псэуа, цIыхум гущIэгъу хуэщIыныр IэщIагъэкIэ пщэрылъ зыхуэхъуа адыгэлI щэджащэ, IэзакIуэшхуэ Лий Адылджэрий Iэмырбий и къуэр псэужамэ, гъатхэпэм (мартым) и 16-м илъэс 80 ирикъунут.

Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академик, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ Евро-Азиат Академием и член-корреспондент, Къэрэшей-Черкесым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгэ Республикэм я цIыхубэ дохутыр, Дагъыстаным, Ищхъэрэ Осетие-Аланием щIыхь зиIэ я дохутыр Лий Адылджэрий теухуауэ Ищхъэрэ Кавказми, Урысейми, Дуней псоми хужаIар, хуатхар мащIэкъым.

Лий Адылджэрий Iэмырбий и къуэр Краснодар крайм хиубыдэ Успенскэ щIыналъэм хыхьэ Къанокъуей къуажэм къыщалъхуащ. Зауэ нэужь лъэхъэнэм хиубыда ныбжьыщIэр япэ щIыкIэ щIэтIысхьащ Ермэлыхьэблэ (Армавир) дэт медицинэ училищэм. ЕджапIэри дзэм къулыкъу щыщIэнри зэфIигъэкIа нэужь, абы и щIэныгъэм щыпещэ Ставрополь медицинэ институтым. Еджэфын щхьэкIэ хьэкугъэплъу сымаджэщым лэжьэн щыщIидзэри, къэрал унафэщIхэм зрагъэIэзэну къалъыхъуэ дохутыр лъэрыхь хъуат Лий Адылджэрий. Ауэ щыхъукIэ, дохутыр IэщIагъэр къыщIыхихар тхы уз къызэуэлIа и адэр игъэхъужын папщIэт.

Еджэным къыдэкIуэу, химическэ реактивхэр щагъэхьэзыр заводым щылажьэурэ, Адылджэрий абдеж къепха санаторэ - профилакторэм и унафэщIу ягъэуващ. А заводым епхауэ къызэрагъэпэща «Люминофор» IэзапIэращ Лийм щIэныгъэ лъагэм хуэунэтIа япэ лъэбакъуэхэр здыщичар.

Адылджэрий цIыхум фIыуэ яхуищIар, сымаджэу зэIэзар гъунэншэщ. Политикэм, гъуазджэм, щэнхабзэм, спортым, экономикэм я «вагъуэхэр» зи Iэпэм щIэкIа цIыхубэ дохутырым дежкIэ цIыху псори зэхуэдэт. Ар зэIэзахэм ящыщщ политик цIэрыIуэхэу Горбачёв Михаил, Ельцин Борис, КIуэкIуэ Валерэ, Мамхэгъ Михаил, Молдовэм я Президент Воронин Владимир, Лучинский Пётр, Къэзахъстаным и Президент Назарбаев НурсулътIан, усакIуэхэу МэшбащIэ Исхьэкъ, Гамзатов Расул, уэрэджыIэ Лещенко Лев, къинэмыщIхэри.

Адылджэрий и IэщIагъэкIэ неврологт. Неврологием и къуэпсу жыпIэ хъунущ «мануальная терапия» жыхуаIэу къупщхьэ узыфэхэм еIэзэнымкIэ Лийр Iэзэ дыдэ зыхуэхъуа медицинэ къудамэр.

Лэжьыгъэмрэ теориемрэ зэдэзыхь адыгэ щIалэр 1982 гъэм Кисловодск къалэм дэт «Луч» санаторэм и дохутыр нэхъыщхьэу ягъэуващ. 1989 гъэм ар Ставрополь дэт медицинэ институтым мануальнэ терапиемкIэ и кафедрэм и унафэщIащ.

Адылджэрийщ 1988 гъэм япэ дыдэу Урысейм «Мануальнэ терапиемкIэ кафедрэ» къыщызэIузыхар. Лийм япэу утыку къырихьащ вертеброневрологие IэзэкIэ Iэмалыр. Къупщхьэ узыфэ псоми я къежьапIэхэр псантхуэ мыузыншэхэр арауэ зэрыщытыр наIуэ къищIа нэужь, Лий Адылджэрий къэзымыкIухьыжыф сымаджэхэм зэреIэзапхъэ IэмалыщIэхэри къигъэнэIуащ. НобэкIэ вертеброневрологием ипкъ иту лажьэ Кисловодск дэт институтым илъэсым къриубыдэу цIыху минитIым нэс егъэхъуж.

Лий Адылджэрий и лэжьыгъэм гу щылъатащ Урысей Федерацэми, хамэ къэралхэми. Ар УФ-м, Дагъыстан, Ищхъэрэ Осетие — Алание республикэхэм щIыхь зиIэ я дохутырщ, КъБР, КъЧР, Адыгэ республикэхэм деж цIыхубэ дохутыр цIэ лъапIэр къыщыфIащащ. 2012 гъэм Адылджэрий и цIэр КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ щIыхьыцIэ инымкIэ къыхагъэщащ.

Щэ бжыгъэ мэхъу Лийм и Iэдакъэ къыщIэкIа щIэныгъэ тхыгъэхэр. Кандидат, доктор диссертацэ пщIы бжыгъэм нэс и гъэсэнхэм пхагъэкIащ.

ЦIыхум и узыншагъэкIэ гукъеуэр щхьэщыхын пщэрылъыр и напэр къабзэу зыгъэзэщIа Лий Адылджэрий къызыхэкIа лъэпкъым зэи щыгъупщэнукъым.

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭТАЙ Мадинэщ

«WorldSkills Russia»

«WorldSkills Russia» автоном мысату организацэм ипкъ иту ирагъэкIуэкI «НыбжьыщIэ IэпщIэлъапщIэ» хэгъуэгу чемпионатыр Къэрэшей-Черкесым щызэфIэкIащ.

world skills
Russia

«НыбжьыщIэ IэпщIэлъапщIэ»

Чемпионатыр здызэхэтар зэпеуэхэм хухаха щIыпIи 10-ращ. Гуп нэхъыщхьэр кIуэрабгъу 19-кIэ, ныбжьыщIэ зэщIэхъееныгъэр кIуэрабгъуи 3-кIэ зэхьэзэхуащ. Зэпеуэхэм хэтащ нэрыбги 138-рэ, республикэм ику ит IэщIагъэ къыздыщIах еджапIэ 14-м къикIа щIэплъыкIакIуи 160-рэ.

Зэхьэзэхуэхэм къыпэкIуамкIэ, ныбжьыщIэхэр щIэбэнащ дыщэ медаль 26-м, дыжьын — 21-м, домбеякъ — 21-м. Республикэм и егъэджэныгъэ къулыкъущIапIэхэм къабгъэдэкIа командэхэм къахьа увыпIэхэр мыпхуэдэу щытащ:

— Черкесск къалэм дэт, «Ерыскъы индустриемкIэ, туризмымрэ сервисымрэкIэ колледжым» - дыщэ мадали 6, дыжьыни 2, домбеякъи 2;

— «Индустриально-технологическэ колледжым» - дыщэ медали 3, дыжьыни 3;

— «Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академием» - дыщэ медали 2, дыжьыни 2, домбеякъи 3;

— «Къэрэшей-Черкес медицинэ колледжым» - дыщэ медали 2, дыжьыни 2, домбеякъи 2;

— «Аграрно-технологическэ колледжым» - зы дыщэ медаль, дыжьыни 4, домбеякъи 3;

— «Профиль куэд зиIэ технологическэ колледжым» - зы дыщэ медаль, дыжьыни 3, домбеякъи 2;

— «Хьэбэч Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес педколледжым» - зы дыщэ медаль, зы дыжьын, зы домбеякъ;

— Черкесс къалэм дэт, зи № 19 гимназием – дыщэ медалитIрэ зы домбеякърэ;

— Черкесск къалэм дэт, зи № 6 курыт еджапIэм - зы дыщэ медалрэ дыжьынитIрэ;

— «Профессионал «Многопрофильнэ колледжым» - зы дыщэ медаль, домбеякъи 2;

— Черкесск къалэм дэт, зи № 17 курыт еджапIэм – зы дыщэ медалрэ домбеякърэ;

— Черкесск къалэм дэт, Хъупсырокъуэ Къырым-Джэрий и цIэр зезыхьэ, зи № 9 гимназием – зы дыжьын медаль къихьащ.

Зыгъэхьэзырар АБЫКЪУ Къамырзэщ

ЩIыуэпсым, Тхьэм къыхилъхьа акъыл узэщIа зыбгъэдэлъа, гуащIэдэкI лэжьыгъэр фIыуэ зылъэгъуа — абыхэм я фIыгъэкIэ зэхущытыкIэ дахэ зэрылъа унагъуэ быдэ зыухуэфа, зи IэщIагъэкIэ ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрызыгъэхьа Уэз Рэбихьэт Билал и пхъум и цIэр Къэрэшей-Черкесым и тхыдэм къыхэнащ, цIыхухэм ящыгъупщэкъым...

Фэеплъ

«Фэ зытетым — гу кIуэцIылъщ»

Сыт щыгъуи жаIэкъэ: «ЕхъулIэныгъэ лъагэм хуэкIуа цIыхухъум Iэмал имыIэу къыкъуэтщ псэ къару быдэ зыхэлъ бзылъхугъэ» жэуэ. Ар хьэкъыпIэкIэ хужыпIэфынущ нобэ зи гъащIэ гъуэгуанэм дриплъэж бзылъхугъэ щыпкъэм. АтIэ, и щхьэгъусэ Уэз Анатолэ Хьэлымжан и къуэм, колхозхэт къызэрыкIуэу езыгъэжьэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и унафэщI IэнатIэ лъагэм нэзыхусыфам, Рэбихьэт щIэгъэкъуэн нэсу къуэтащ.

1989 – 1999 гъэхэм Уэз Анатолэ Ищхъэрэ Кавказым деж зи социально-экономикэ зыужьыныгъэкIэ пашагъэр щызыIыгъ Къэрэшей-Черкес хэгъуэгум и Правительствэм и тхьэмадэ IэнатIэ лъагэм бгъэдэтащ. Ноби жылагъуэм къелъытэ а IэнатIэр зэрыщыIэ илъэсхэм къриубыдэу, Уэз Анатолэ Хьэлымжан и къуэм хуэдэу Правительствэм и тхьэмадэ пщэрылъыр щIыхь пылъу, и пщIэр ину зыIыгъа, ехъулIэныгъэ лъагэхэр къэзыгъэлъэгъуа унафэщI щымыIауэ.

Анэ-адэм я гъащIэр я щапхъэу, ахэр зыхуэгъэщIа IэщIагъэхэмрэ IэнатIэхэмрэ щызыIэрагъыхьа Iуэху зэхэщIыкI иныр, щIэныгъэ куур, цIыхубэм зэрахэтар, я лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэу щытар я гъащIэм гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ быным: я щIалэ Аслъэн, япхъухэу Фатимэрэ Мадинэрэ, абыхэм къащIэхъуэжа къуэрылъху-пхъурылъхуиблым.

Аслъэн экономикэ щIэныгъэхэм я докторщ. Илъэс куэдкIэ и цIэ фIыкIэ жаригъэIэу социальнэ страхованэмкIэ Урысей фондым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и унафэщI IэнатIэм бгъэдэтащ. 2016 – 2021 гъэхэм Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэу тетащ. НобэкIэ УФ-м и Пенсэ фондым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и унафэщIщ.

Фатимэ — тхыдэ щIэныгъэхэм я докторщ, гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэрэшей-Черкес институтым тхыдэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ, тхылъитI и Iэдакъэ къыщIэкIащ, Кавказым и тхыдэм теухуа щIэныгъэ лэжьыгъи 100-м щIигъу итхащ.

Мадинэ илъэс куэдкIэ дохутыр-кардиологыу лэжьащ. НобэкIэ социальнэ страхованэмкIэ Урысей фондым и Къэрэшей - Черкес IуэхущIапIэм социальнэ программэхэмкIэ и къудамэм и IэщIагъэрылажьэ нэхъыщхьэщ.

ЩIэныгъэм, еджэным хуэпабгъэу къэтэджа къуэрылъху-пхъурылъхухэми ехъулIэныгъэ яIэу ищхьэ еджапIэхэр къаухащ, щхьэж и лэжьапIэ IэнатIэ къыхуэув пщэрылъхэр пылъхьэншэу щагъэзащIэ.

Рэбихьэт и цIыхугъэр, хэлъа гъэсэныгъэ нэсыр, унагъуэмрэ IэщIагъэмрэ яхуиIа бгъэдыхьэкIэр щапхъэ мыкIуэщI хуэхъуащ и нысэ Iэминат. Рэбихьэт хуабжьу иригушхуэт и нысэмкIэ, и сабийхэмрэ абыхэм я щIэблэмрэкIэ.

А псоми къадэкIуэу, Рэбихьэт цIэрыIуэ зыщIар унафэщI IэнатIэ лъагэхэм бгъэдэта и щхьэгъусэр, и бынхэракъым. АтIэ, езыр и щхьэкIэ, и IэщIагъэкIэ ехъулIэныгъэ лъагэхэм зэрынэсыфар, и гур зэIухауэ, псэ къабзэу дунейм зэрытетар, и унагъуэм къыщымынэу, и гъащIэм зрихьэлIа цIыхуу хъуам хузэфIэкIкIэ зэрапыкъуэкIар, зэрадэIэпыкъуаращ.

Рэбихьэт къыщыхъуащ Малый Зеленчук (Ботэщей) къуажэм, 1942 гъэм, зауэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыу. ЩакIуэхэ Билалрэ Хъаджэтрэ я бын ещанэт. Пщащэм и анэ Хъаджэт къызыхэкIар XIX — XX лIыщIыгъуэхэм Ищхъэрэ Кавказым щыцIэрыIуа, ислъам динырылажьэшхуэ, Къардэн хьэжы-Умар Екъуб и къуэм и унагъуэрат (1865–1926 гъэхэм псэуащ). Ар Рэбихьэт и адэшхуэт. ЦIыхубэр абы зэреджэу щытар хьэжы - Умар ефэнды е Хьэж-Дадэт. Умар бгъэдэлъа щIэныгъэм, хэлъа цIыхугъэ иным хуэгъэзауэ хэгъуэгум, адыгэм я тхыдэм Iуэхугъуэ куэд къыхэнащ. Абы и нэIэм щIэту къэтэджащ а зэманым щIэныгъэ зыбгъэдэлъа цIыхушхуэхэр, Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я совет интеллигенцэ хъужахэр.

И лэжьэгъухэм ящIыгъуу

Адрей и адэшхуэр — Хьэжбатыр — ЩакIуэхэ хьэжы - Теунэ и къуищым языхэзт. Ар узыфIэмыкIыжыну къарууфIэт, Iэчлъэчт, метри 2-м зэрынэхьэст и лъагагъыр, мылъку IэщIэлът.

Коллективизацэр щекIуэкIым, «Путь Ильича» колхозым и япэ тракторист хъуауэ щытащ. Ещанэ унагъуэ зыдищIар (абы ипэ ита и щхьэгъусэхэр игъуэ нэмысу дунейм ехыжат) Жьакуэ къуажэм щыщ, Къанлокъуэхэ япхъу Муслъимэтт. Сабий зэдамыгъуэтами, Хьэжбатыр и сабийхэри, езым и пхъуитIри, Рэбихьэт цIыкIуи ящIыгъуу, Муслъимэт ипIащ.

Анэ-адэншэу къэна Рэбихьэт и сабиигъуэми и щIалэгъуэми фIылъагъуныгъэ инрэ гулъытэрэ Хьэжбатыррэ Муслъимэтрэ, дадэм и къуэ нэхъыщIэ Хьэсэмбий сымэ, къыбгъэдалъхьащ. Псом хуэмыдэу цIыхугъэм уасэ хуищIу ягъэсащ.

Апхуэдэ фIылъагъуныгъэ иным, унагъуэм илъ хуабагъым я фIыщIэщ адыгэ къуажэ цIыкIум къыдэкIа пщащэм, зауэнэужь илъэс хьэлъэхэр зи нэгу щIэкIам, гъэсэныгъэ нэс, цIыхугъэ хэлъу къыщIэхъуар. И гъащIэр: и унагъуэри, и лэжьыгъэри абы зэриухуар ислъам диным, Адыгэ хабзэм къигъэув щытыкIэ дахэхэрат. Зэрысабий лъандэрэ ахэр и Iэпкълъэпкъым хэпщауэ къэтэджат: щIыхь, цIыхугъэ, гущIэгъу, дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм псэемыблэжу зыщIэгъэкъуэн, псапэ щIэн... ЦIыхухэм (дунейм ехыжахэми), унагъуэхэми, сабийхэми я пащхьэ щихь пщэрылъыр игъэзэщIэныр и гъащIэ джэлэст.

1960 гъэхэм совет щIалэгъуалэр хуэпабгъэт щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным. Абыхэм ящыщт еджапIэр фIыщэу къэзыуха Рэбихьэти. Апхуэдэу, есэпымрэ урысыбзэмрэкIэ экзаменхэр щIыхь пылъу къызэринэкIри, 1961 гъэм Рэбихьэт щIыхьащ Ставрополь кооператив техникумым. «Товароведение» IэщIагъэр иIэу 1963 гъэм техникумыр къэзыуха Рэбихьэт заочнэу и щIэныгъэм щыпещэ Москва кооператив институтым.

IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэм зыщалъхуа районым къегъэзэжри, и IэщIагъэмкIэ и гуащIэдэкI гъуэгуанэм щрегъажьэ Хьэбэз райпом. ЖыпIэнурамэ, товаровед IэнатIэм Рэбихьэт куэдрэ ирилэжьакъым. Райпом и тхьэмадэм и къыхэлъхьэныгъэкIэ, бзылъхугъэм къыхуагъэфащэ «плановик-экономист» IэщIагъэр. Апхуэдэуи, IэщIагъэщIэм бзылъхугъэр щIэрыщIэу хуоджэж, зыхуегъэсэж, тхылъхэр и Iэпэгъуу, езыр-езыру щIэныгъэ зрегъэгъуэтыж. Мис, апхуэдэуи, и гуащIэдэкI гъащIэм и кIыхьагъкIэ Рэбихьэт потребкооперацэм экономисту щолажьэ: япэ щIыкIэ Хьэбэз райпом, иужьым потребкооперацэмкIэ Къэрэшей-Черкесым щыIэ IуэхущIапIэ инхэм: «Производствэ комбинат»-м, Адыгэ-Хьэблэ райпом, «Черкесск коопсельхоз»-м... ИкIи, Къэрэшей-Черкес, Ставрополь потребсоюзхэм я пащхьэ Рэбихьэт зыкъыщегъэлъагъуэ IэщIагъэрылажьэ нэхъусауэ, илъэс 30-м зэрынэхьэскIэ экономист нэхъыщхьэ IэнатIэмкIэ щIыхь хэлъу и гуащIэ егъэтIылъ.

Рэбихьэт и лэжьыгъэ бгъэдыхьэкIэм, Iуэху зэхэщIыкIым хэлъ щытыкIэфI, IэмалыфI куэд Къэрэшей-Черкес потребкооперацэм и плановэ къудамэхэм я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпащ. Игъэхьэзыру щыта финпланхэр щапхъэгъэлъагъуэу, фIым я нэхъыфIу ялъытэт.

Студент илъэсхэм. 1962 гъэ

Зи IэщIагъэкIэ Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъа Рэбихьэт и гуащIэдэкI тхылъым итщ абы и лэжьыгъэм хуащIа уасэ иным щыхьэт техъуэ щIыхь нагъыщэхэр, тхылъхэр, саугъэткIэ къызэрыхагъэщар. 1987 гъэм абы къыхуагъэфащэ «Ветеран потребительской кооперации Ставропольского края» пщIэ зиIэ фIэщыгъэцIэ лъагэр.

Совет Союзыр зэхэщэщэжу, къэралым и социально-политикэ системэм зыщихъуэжым, потребкооперацэр щыщымыIэжым, Рэбихьэт и гуащIэм щыпищащ «Солидарность» профсоюз банкым и Къэрэшей-Черкес къудамэм. Абдежми Iуэху зэхэщIыкI лъагэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэрылажьэу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Иужьрей илъэсхэми а IуэхущIапIэм и унафэщIу щытащ.

Къыхэгъэщыпхъэу долъытэ Рэбихьэт IэщIагъэрылажьэ ныбжьыщIэхэм я гъэсэныгъэм гулъытэ хуищIу, зэрадэлажьэу щытар. Къэрэшей-Черкесым щыщ цIыху пщIы бжыгъэм я цIэ къиIуэфынущ Рэбихьэт и фIыщIэкIэ Iуэху зэхэщIыкI ин зыбгъэдэлъ экономист хъуауэ.

Ауэ, Рэбихьэт къызэрилъытэу щытамкIэ, и гъащIэм деж увыпIэ нэхъыщхьэ щызубыду щытар и унагъуэрат. ЖиIэ зэпытт: «мамэ» цIэр къэплъэщын хуейщ, жэуэ. Абы и фIылъагъуныгъэр псоми ялъигъэIэсыфт, дэтхэнэри зыхуэныкъуэм хуигъазэт, еджэным, щIэныгъэфI зрагъэгъуэтыным, я гуащIэкIэ цIыхум сэбэп яхуэхъуным хуиущийт.

И бынми, сабий цIыкIухэми гуапэу, щабэу яхущытт, я нэхъ балигъым хуэдэу сабийм епсэлъэнут. Езыр щысабий лъандэрэ зытета гъэсэныгъэ щытыкIэхэм: пэжагъым, гуапагъым, жиIа псалъэм хуэщыпкъэным и бынри, абыхэм я щIэблэри къыхуриджэт.

Уэз Рэбихьэт и гъащIэр зыхуэунэтIа лъэныкъуэ нэхъыщхьэу щытахэм ящыщщ псапэ щIэныр, псапащIэ Iуэхухэр. Ар адыгэ хабзэм хэлъ щытыкIэфIхэм я къежьапIэт. Рэбихьэт и гумахагъым, гумызагъагъым къыхэкIыу, и нэIуасэми, имыцIыхуххэми — щытыкIэ хьэлъэ иувам зыщIигъэкъуэнут. Ар и унагъуэм щигъуэта гъэсэныгъэ лъагэт. Арагъэнт и щIалэгъуэм щыгъуэ профкомым и унафэщI IэнатIэр, цIыхухэм къащхьэщыжыныр, я хьэлэмэтхэр хъумэныр, куэд дыдэрэ къыщIыхуагъэфащэу щытар.

Къыдэлажьэхэм я пащхьэ сыт щыгъуи и пщIэр щыинт. Пенсэм кIуа нэужьи и псапащIэ Iуэхухэм нэхъри зригъэубгъуат. Гузэвэгъуэ ихуар Рэбихьэт и деж екIуэлIэнут, икIи псэемыблэж дэIэпыкъуныгъэ хэти щигъуэтынут.

И ныбжьыр щыхэкIуэтами, езым нэхърэ куэдкIэ нэхъыщIэхэми зэгурыIуэныгъэ къадигъуэтт. ФIэгъэщIэгъуэнт щIалэгъуалэм я гупсысэр, я Iуэхухэр зыхуаунэтIыр. НыбжьыщIэ куэдым ядэIэпыкъуащ щIэныгъэ зыIэрагъэхьэнымкIэ, училищэхэм, техникумхэм, ищхьэ еджапIэхэм щеджэну лъэкIыныгъэ ягъуэтынымкIэ. УнагъуэщIэхэм, псэупIэ зыухуэ дапщэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуами къэлъытэгъуейщ...

Рэбихьэт и псэм и хуабагъым, и акъыл нэхум, узэщIам, и гупсысэм и кууагъым, и гъащIэ Iуэху зэхэщIыкIым, анэгу IэфIагъым дэтхэнэ зэпсалъэри итхьэкъут. ТелефонкIэ къыхуащI зэпытт, къыхуеблагъэт, къыкIэрыст, къепсалъэт, чэнджэщ къыIрахт. Апхуэдэу, Рэбихьэт гулъытэ хэха яхуищIт Iэбу Хьэнифэ и цIэр зезыхьэу Черкесск къалэм дэт Ислъам институтым щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ. Илъэс 20-м къриубыдэу а еджапIэр бзылъхугъэм и нэIэм щIигъэтащ, ерыскъыкIэ, мылъкукIэ защIигъэкъуащ.

Уэз Рэбихьэт и щIасэт гупсысэ куу зыпкъырылъ псалъэжьхэр къигъэсэбэпыну. Апхуэдэу, куэдрэ жиIэу щытахэм ящыщщ «Фэ зытетым — гу кIуэцIылъщ» жэуэ. Ар пэгъунэгъущ урыс усакIуэшхуэ Чехов Антон жиIа, цIэрыIуэ хъуа гупсысэм: «В человеке все должно быть прекрасно: и лицо, и одежда, и душа, и мысли...». Апхуэдэр хужыпIэ хъунут езы Рэбихьэти...

... Илъэс 78-рэ къигъэщIащ зи пщIэр, зи щIыхьыр ину дунейм тета Уэз Рэбихьэт. Сыт хуэдэу гъащIэм и къэгъэшыпIэхэм а бзылъхугъэр щытыкIэ хьэлъэ пэщIимыгъэувами, жьыгъэр къылъэмыIэсауэ, и напэ дахэм зэлъа имыIэу, и дунейр ихъуэжащ.

Зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыжу, акъыл нэху, узэщIа зыбгъэдэлъа, зи псапэ Iуэхухэр Дунейм къытена Уэз Рэбихьэт зыцIыхуу щытахэм, и псэм и хуабагъыр зыхэзыщIахэм игъащIэкIи ящыгъупщэнукъым. Дунейм дахэу, IэфIу, гуапэу зэрытетам хуэдэу, ахърэтым нэхъыфIу щыIэр Тхьэм къылъигъэс.

АБИДОКЪУЭ Люсанэ

ХыхьэхэкI

ЩIыхуэ тыжыныр хузэпагъэу

Экономикэм и IэнатIэ 70-м щылажьэ хыхьэхэкIхэм щIыхуэ тыжыныр пIалъэкIэ хузэпагъэункIэ мэхъу (кредитные каникулы). Правительствэм игъэбелджылащ санкцэхэм я зэран нэхъыбэу зэкIа производствэхэр, а санкцэхэм пагъэувыну Iэмалхэр. Предприятэ цIыкIухэмрэ ику итхэмрэ, уней предприятэ яIэу а IэнатIэхэм щылажьэ хыхьэхэкIхэм щIыхуэ тыжыныр илъэс ныкъуэм нэскIэ хузэпагъэунущ.

Мыпхуэдэ хуэгъэкIуэтэныгъэ зыхуащIынухэм я дэфтэрым хыхьащ мэкъумэш хъызмэтхэр, щIэныгъэр, щэнхабзэр, туризмыр, жылагъуэ шхапIэхэр, медицинэр, хъыбарегъащIэ технологиехэр, оптовэ, розничнэ сатур, хуэIухуэщIэхэм я IэнатIэр. Псори зэхэту бизнес лIэужьыгъуэ 70-м щIегъу. Зэрыщыту дэфтэрыр къыщыгъэлъэгъуащ мы ссылкэм: **http://static.government.ru/media/files/quQ3AtSRPM7RCBWSE8IsAqAgNvgIZywK.pdf**

ЩIыхуэ къэзыщтахэм щIыхуэр ятыжыныр апхуэдэ каникулхэм деж зэрыщыту къызэтрагъэувыIэ. ЩIыхуэ тыжыгъуэ пIалъэр благъэкIамэ, пеняхэмрэ тезырхэмри а хуэгъэкIуэтэныгъэ пIалъэмкIэ зрагъэтIылъэкI. Ауэ щIыхуэ ямытыжам техуэ процентхэр къыхуабжын щагъэткъым, каникулхэр зэфIэкIа нэужь а щIыхуэр ятыжынущ дыщIагъуа процентхэри хэту. ЩIыхуэр щатыжыну пIалъэр нэхъ кIыхь хъунущ, ятыжыну ахъшэр япэкIэ яту щытам хуэдизщ.

ЩIыхуэхэр щатыжыну пIалъэр зэрагъэтIылъэкIыну хабзэкIэ хуитыныгъэ яIэщ 2022 гъэм и гъатхэпэм (мартым) и 1-м ипэкIэ щIыхуэ зэгурыIуэныгъэ (кредитный договор) зыщIа уней предприятэхэмрэ (ИП) компанэхэмрэ. ЩIыхуэр щатыж пIалъэр хуагъэкIуэтэн папщIэ лъэIу тхылъхэр ятыпхъэщ 2022 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 30-м пщIондэ.

Финанс гугъуехьхэм пэщIэхуа компанэхэр зэран ин зэкIа IэнатIэхэм ящымыщмэ, абыхэм я щIыхуэхэр Iыхьэ-Iыхьэурэ ирагъэтыж (реструктуризация). ЩIыхуэ зытахэм абыхэм щIыхуэхэр къызэрыIрахыж графикыр нэхъ тынш ящIыпхъэщ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, мазэ къэс ятыжыр нэхъ мащIэ хъунущ, щIыхуэхэр щызытрагъэкIыж пIалъэр хуагъэкIыхьмэ.

КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу

Тетам пэджэжу

БлэкIар гум къегъэкIыж

Дрогушхуэ, дрогуфIэ иужьрей зэманым ди псэм хуэтхь «Черкес хэку» газетым и теплъэми, и купщIэми икIэщIыпIэкIэ зэрызихъуэжам. Ар, дауи, къызыгурымыIуэрэ зымылъагъурэ къытхэткъым…

Мазэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ газетым и редактор нэхъыщхьэ ящIа Абидокъуэ (Щохъуэжь) Люсанэ хузэфIэкIащ лъэпкъыр зыхуэныкъуэм, цIыхубэр зэджэну хуейм журналистхэр хуиунэтIын. Ар лъэпкъым и газет закъуэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Газетыр къызыIэрыхьэхэм ялъагъу плIанэпэщIэхэр, рубрикэщIэхэр къызэрызэIуахар. Абыхэм ящыщ зым лъэпкъ мыхьэнэшхуэ иIэщ.

БлэкIа зэманым траха сурэтхэмкIэ куэдым ягу къагъэкIыж цIыху щхьэхуэхэм я гъащIэр. Сэри апхуэдэ зы сурэт щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ ислъхьэну сыхуейщ, дэтхэнэми и гъащIэр кIэщIу къэзгъэлъагъуэкIэрэ. А гупсысэм сыхуэзыгъэушар «ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр» щхьэщIэдзапIэм щIэту газетым къытехуэ рубрикэращ.



Совет Союзым и лъэхъэнэм СССР-м и Ищхьэ Советым и депутатхэр щыхахкIэ, щIыналъэ къэс зы цIыхушхуэ хахын хуейт. Дэ къытлъысат тхакIуэшхуэ, Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща Соболев Леонид.

Зэрыхабзэти, кандидатыр Iэмал имыIэу щIыналъэхэм кIуэурэ хэхакIуэхэм яIущIэн, япсэлъэн, яхуищIэфынур игъэбелджылын хуейти, Соболевыр ди хэгъуэгум къэкIуащ.

Псом япэ газетхэм я лэжьакIуэхэм къытIущIащ, щIэгъэкъуэн дызэрыхуэхъуфынури дгъэбелджылат. Фэеплъуи и сурэтыр къытхуигъэнащ. АтIэ, хэт сымэ апщыгъуэм Соболевым щIэгъэкъуэн хуэхъуауэ щытахэр? Феплъ иджы а сурэтым.

Щысхэр (сэмэгумкIэ щегъэжьауэ):

ХъытIу Сэйдин – тхакIуэ, газетым и редактору, типографием и унафэщIу щытащ. Сэйдинщ япэ дыдэ адыгэ газетыр хьэрыпыбзэкIэ къыдагъэкIын щыхъум хьэрфхэр къыхэхыным еувэлIар. Ар зауэм хэтащ.

Атмакин Андрей – типографием и лэжьакIуэт, ди адыгэ газетыр къыхэзыхт. Зауэм хэтауэ щытащ.

Уэхъутэ Анзор – 1938, 1943 гъэхэм газетым и редактору щытащ, и гъащIэ псор лъэпкъ газетым иритащ, Хэку зауэшхуэми хэтащ.

Соболев Леонид – тхакIуэ, СССР-м и Ищхьэ Советым и депутату щытащ.

Гъуэщокъуэ Хъусин – 1947, 1949, 1954 гъэхэм газетым и редактор нэхъыщхьэу щытащ. СССР-м и тхакIуэхэм я Союзым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и унафэщIащ. Дунейм ехыжыхункIэ газетым щылэжьащ, Хэку зауэшхуэм хэтащ.

Хьэнфэн Алим – усакIуэщ, КъЧР-м и цIыхубэ тхакIуэщ, Абхъазым щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Черкесск къалэм щIыхь зиIэ и цIыхущ, Хэку зауэшхуэм хэтащ.

Мысрокъуэ СулътIан – газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу щытащ. Зауэм хэтащ.

Щытхэр (сэмэгумкIэ щегъэжьауэ):

Брат Хьэбас – тхакIуэт, усакIуэт, и гъащIэ псом газетым щылэжьащ.

Тамбий БэтIал – Налшык университетыр къиуха нэужь, газетым щылэжьащ. Къэрэшей - Черкес къэрал педагогическэ институтым гуащIэшхуэ щигъэтIылъащ.

Сэкий Нурдин – Налшык университетыр къиухащ. Иужьым Ермэлыхьэблэ (Армавир) педагогическэ институтым зэпеуэкIэ пхыкIри, егъэджакIуэу щылэжьащ. ЩIэныгъэхэм я кандидатт.

Хьэгъундокъуэ Рэмэзан – адыгэбзэмрэ урысыбзэмрэ хуэшэрыуэ лэжьакIуэу газетым Iутащ. Къудамэм и унафэщIащ, жэуаплыгъэ зыхь секретару щытащ. Дунейм ехыжыхункIэ адыгэ газетым и гуащIэ щигъэтIылъащ.

Мэремыкъуэ Ибрэхьим – зауэм къикIыжа нэужь, газетым сурэттехыу щылэжьэну къащтэри, и гъащIэ псор адыгэ газетым къыдикIуащ.

Будыщ СулътIан – илъэс куэдкIэ газетым щылэжьащ, газетым зиужьыным къарууфI хилъхьащ.

Къэнэжар сэращ — **Даур Жэхьфэр**. Илъэс 52-кIэ адыгэ газетым сыщылэжьащ.

Жагъуэ зэрыхъущи, зи гугъу сщIауэ хъуар дунейм ехыжащ. Ауэ абыхэм я фэеплъыр къытхуагъэнащ мы сурэт къызэрымыкIуэмкIэ. Дэтхэнэми я блэкIамкIэ щIэблэм гъуэгу хухашащ.

ДАУР Жэхьфэр

Дохъуэхъу

Темыр Фатимэ

(Риммэ)

Мэжид и пхъум

илъэс 80 зэрырикъуамкIэ!

Узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ уиIэу,
Уи дунейр нэхуу,
гуауэр ппэIэщIэу,
Уи Iыхьлыхэм, лэжьэгъухэм,
щIэныгъэ зыбгъэдэплъхьахэм
уи псэр ягъэгуфIэу,
Уи унагъуэ жьэгур илъэсищэкIэ
бгъэбжьыфIэу
Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу!

ПсэукIэ-Дахэ къуажэ курыт еджапIэм
илъэс зэхуэмыдэхэм щебгъэджахэр

Республикэ зэхьэзэхуэ

Я пщIэр къэIэтыным

«Сердце отдаю детям» зи фIэщыгъэцIэ республикэ зэхьэзэхуэм и лэжьыгъэр щIедзэ. Ар зытегъэпсыхьар егъэджэныгъэ къудамэм и допобразованэращ.

Зэхьэзэхуэм и купщIэр: допобразованэм щылажьэ егъэджакIуэхэм я зэфIэкIхэр, щIэныгъэр хэгъэхъуэн, егъэджакIуэ гуащIэдэкIым я пщIэр къэIэтын.

Зэхьэзэхуэр Iыхьиблу гуэшауэ екIуэкIынущ, дэтхэнэри хэхауэ зытеухуар гъэнэIуащ. Абы хэтыну лэжьыгъэхэр мы гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25-м нэгъунэ къащтэнурэ, гъатхэпэм и 28-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 12-м нэгъунэ хэплъэнущ.

Iуэхум и жэрдэмщIакIуэри езыгъэкIуэкIынури КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и Министерствэ, «Центр дополнительного образования детей» республикэ къэрал купсэ, егъэджакIуэхэм я щIэныгъэр хэгъэхъуэнымкIэ республикэ институтращ.

IэщIагъэрылажьэм и псалъэ

Сабийр псалъэкъым. Сыт пщIэнур?

Гу лъомытэнкIэ Iэмал иIэкъым щIэх мыпсалъэ сабийхэр куэд зэрыхъуам. Мыпсалъэми, я ныбжьым тегъэпсыхьауэ акъылкIэ зызыужьхэщ. ЩIэплъыкIыныгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, апхуэдэ сабийхэр Урысейм щыкуэдщ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъумрэ егъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэмрэ зэхэдгъэкIын мурадкIэ иджыблагъэ зыхуэдгъэзащ сабийхэми балигъхэми ядэлажьэ, Хьэбэз къуажэм илъэс 14-м щIигъуауэ щыпсэу, лъэпкъкIэ урыс бзылъхугъэ, абазэ нысэ, зи IэщIагъэкIэ психолог, психотерапевт, кинезиолог Агырбэ Людмилэ.

Ар Ростов областым хыхьэ Каменоломни жылагъуэм 1983 гъэм къыщыхъуащ. ЩIэныгъэм пщIэ здыхуащI егъэджакIуэ унагъуэм къыхэкIащ. 2000 гъэм курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къиуха нэужь, Ипщэ Урысей къэрал техническэ университетым (Новочеркасск политехническэ институтым) щIыхьащ. Ари диплом плъыжькIэ къиухащ. Зригъэгъуэтащ социолог, социологиемкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэхэр. 2009 гъэ лъандэрэ Агырбэ Валерэ унагъуэ дищIауэ, КъЧР-м щопсэу, хъыджэбзитI зэдапI.

2010-2013 гъэхэм Москва къалэм дэт гуманитар институтым психолог IэщIагъэр щызригъэгъуэтащ. 2012 гъэ лъандэрэ психотерапием иролажьэ. И лэжьыгъэм псэемыблэжу бгъэдохьэ, зыдэлажьэхэм я гукъеуэр езым ейм хуэдэу зыхещIэ, лъэкI къимыгъанэу и щIэныгъэр ярехьэлIэ. Бгъэдэлъ щIэныгъэм сыт щыгъуи хегъахъуэ. ЦIыкIухэм щадэлажьэкIэ къигъэсэбэп егъэджэныгъэ Iэмалхэр ирегъэфIакIуэ зэпыт, сабийхэм нэхъ гъэщIэгъуэн зэрахуэхъунум хуэдэу егъэпс. Зыдэлажьэ сабийхэми къахунэмыгъэсыжу и дерсым щIэсхэщ.

— Уи сабийм и ныбжьыр илъэси 2, 3, 4 е нэхъыбэ хъуамэ, и псэлъэкIэр и ныбжьым темыгъэпсыхьамэ, нэхъыщхьэр аращи, зыми упэплъэн хуейкъым. Апхуэдэр зэпIэзэрыт щыхъужыр зырызыххэщ. Сабийр зэрымыпсалъэр е и псэлъэкIэр и ныбжьым темыгъэпсыхьамэ, IэщIагъэлIхэм уабгъэдыхьэн хуейщ.

Япэрауэ, неврологым и деж уекIуэлIэн хуейщ, щхьэ куцIым зэран зэримыIэр зэхэгъэкIын мурадкIэ. ЕтIуанэу, сурдологыр тхьэкIумэм кIэлъыбгъэплъмэ фIы дыдэщ. Ещанэу, бзэм и макъхэр къэутIыпщынымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу остеопатым и лэжьыгъэр. КъыкIэлъыкIуэу сабийм логопед, психолог е нейропсихолог дэлэжьапхъэщ. НэхъыфIщ логопедымрэ нейропсихологымрэ щызэдэлажьэкIэ. Псалъэм папщIэ, логопедыр хущIокъу сабийр зэригъэпсэлъэным. Нейропсихологыр Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэр аращи, зезыгъэужь упражненэ зэхуэмыдэхэр иригъэщIурэ щхьэ куцIым деж бзэр къэзыутIыпщ купсэхэр егъэлажьэ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэхэр епхьэлIэкIэрэ, щхьэ куцIым зеужь. Зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым бзитIщы щызэхыхьэкIэ, сабийр щытыкIэ мытыншым зэриувэр. Апхуэдэм и щхьэм къегугъуэкI мэхъу псэлъэныр. Куэд зэригъэззэхуэн къыхудохуэ. Телевизорым урысыбзэкIэ щопсалъэ, унагъуэм, и лъэпкъыбзэмкIэ. Ахэр щызэхыхьэжкIэ, сабийм и гупсысэр егъэудэращхъуэ. Абы къыхэкIыу, сабийм тынш зэрыхуэхъунум хуэдэу щытыкIэр гъэпсыпхъэщ.

Сабийм зы бзэкIэ нэхъыбэрэ уепсалъэ, упщIэ епт зэпыту щытын хуейщ. УщIэпхъуэу жэуапыр йомыт, умыгузавэ, езым и жэуапым пэплъэ. Махуэм пщIэр псалъэкIэ къэIуатэ. Ар — гъэпсыкIэ - щытыкIэр, гупсысэр сабийм къыхуэзыгъэушщ. Нэхъыбэрэ узэрызэпсэлъэнымрэ Iуэху зэрызэдэпхьынымрэ хущIэкъу. Абы къыдэкIуэу зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым сабийр — цIыху щхьэхуэ цIыкIуу зэрыщытыр. Уи къалэн нэхъыщхьэр — дэIэпыкъуэгъу ухуэхъунращ, армыхъумэ, сабийм ипIэкIэ и лэжьыгъэр бгъэзэщIэнракъым.

Иджыри зы Iуэхугъуэ. Егъэлеяуэ сабийм хуэсакъыныр (гиперопекэ) тэрэзкъым. Сабийр псэлъэнукъым адэ-анэм ар зыхуейр и плъэкIэ къудейкIэ е и Iэпэ зэришийуэ щагъэзащIэкIэ. Сабийхэр Iущщ, щIэх къагуроIуэ: «Сыт сыщIэпсэлъэнур, сызыхуейр армырами къащыгурыIуэкIэ?!», «Сыт сыщIегугъунур, армырами щысхуащIэкIэ?!» Анэм упщIэ етри, езыр-езыру жэуапри къегъуэтыж… Сыт апхуэдэр щIэпсэлъэнур? Сабийр псэлъэн папщIэ, уи щхьэ ухуэмыпсалъэу езым уепсэлъапхъэщ. Пэплъэ. IэпэкIэ игъэлъагъуэр къыбгурымыIуэ хуэдэу зыщIи сабийм макъ къыжьэдэкIыным хущIэгъэкъу. Шэч хэмылъу ар сабийм игу ирихьынукъым: гуоунущ, кIиинущ, гъынущ. АтIэ, ар зэсам хуэдэжкъым. Арами, зызэрищIу щытар пхымыкIыу щилъагъукIэ, и щхьэ куцIым лэжьэн щIедзэри, хэкIыпIэ къегъуэт. Адэ-анэхэр апхуэдэхэм деж мыпIейтейуэ Iуэхум пэплъэн хуейщ.

НэгъуэщI лъэныкъуи щыIэщ. Адэ-анэхэр лэжьэн хуей мэхъури, зэман къахудэхуэкъым сабийм куэдрэ епсэлъэну. Апщыгъуэм дежи, сабийр къащымыхьэн папщIэ, телевизорымкIэ мультфильм хухагъэнэнущ е телефоныр IэщIалъхьэнущ. Ар мызэ-мытIэу, е еуэ къэс щащIэкIэ, сабийр адэ-анэм щIепсэлъэн хуейр къыгурыIуэкъыми, псалъэкъым. Абы щхьэкIэ, нэхъыбэрэ сабийм епсэлъапхъэщ.

Къохъу макъ иригъэщIын хуимыту щыгурагъаIуэ. Апхуэдэ сабийм къызэрыщыхъумкIэ макъ иригъэщIмэ — ар Iейщ, шынагъуэщ, зыгуэрым зэран хуохъу. Адэр езэшащ, анэм и Iуэхур куэдщ, нанэм макъышхуэ игу техуэкъым… Апхуэдэм деж сабийр щэху мэхъу, псоми затрегъахуэ, зарегъэкIу, щым мэхъу. Сабийм зиужьын папщIэ щэхун хуейкъым, атIэ жьы щIэту ищIэр дэпIыгъын хуейщ.

Iуэхур хэужьыныхьа щыхъур сабийр ткIиягъым щыхуэзэкIэщ. Сабийм зиужьын щыщIидзэ къудейм егъэзыгъэкIэ «жыпIэкъэ…», «жыIэжыт…» жэуэ зыхуагъазэ зэпыт. Апхуэдэм деж абы и мыарэзыныгъэр къигъэлъагъуэу мыпсэлъэныр къыхех. Нэхъыщхьэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым: егъэзыгъэкIэ сабийм и бзэр къиутIыпщынукъым. Ар зэрыпхузэфIэкIынур дахэдахэу егъэджэныгъэ-джэгукIэ IэмалкIэщ.

Сабийм ущригъусэкIэ уи макъми уи нэIуми укIэлъыплъыпхъэщ. Адэ-анэр губжьауэ щыпсалъэкIэ сабийм куэдым гу лъетэ. Сабийм ущепсалъэкIэ, уи макъым куэд елъытащ. Сабий цIыкIум къыгурыIуэнукъым анэр езэшауэ, е зыгуэрым къигъэгубжьауэ. Абы псори езым и щхьэ хуихьынущ, езым и лажьэу игъэувынущ.

Щхьэусыгъуэр сыт хуэдэу щытынкIи мэхъу. Ауэ сабийм и бзэр хуиту къиутIыпщын папщIэ, нэхъыщхьэр уепсэлъэнращ. Зэгъусэу тхылъ узэдеджапхъэщ, усэхэр зэбгъэщIапхъэщ, и Iэ цIыкIухэмкIэ зыгуэр егъэщIапхъэщ, апхуэдэщи, Iэпкъ-лъэпкъми щхьэми зызэдегъэужьыпхъэщ. Зыщывмыгъэгъупщэ: сабийм и пIэкIэ умыпсалъэу — езыр зэпсэлъэныгъэм къыхэпшэн хуейщ. ИтIанэщ Iуэхур щыкIуэтэнур, — жеIэ Агырбэ Людмилэ.

ЕЗАУЭ Людмилэ

ФщIэн папщIэ

Хэхъуэмрэ хэщIымрэ, мылъкумрэ къалэнымрэ…

Коррупцэм пэщIэт хабзэм ипкъ иткIэрэ, хэхъуэм, хэщIым, мылъкум, мылъку къалэнхэм теухуа хъыбархэр Iэмал имыIэу къызэрырахьэлIэн хуейм, ар къызыбгъэдэкIыпхъэм дыщегъэгъуазэ КъЧР-м гуащIэдэкIымкIэ къэрал инспекцэм.

Апхуэдэу:

1. Хэхъуэм, хэщIым, мылъкумрэ мылъку къалэнхэмрэ теухуа хъыбархэр (сведения) къагъэлъэгъуэн хуейщ пIалъэкIэ къалэн зыгъэзащIэу лажьэхэм (служащий (работник)).

Нэхъ тегъэчынауэ жыпIэмэ:

1) УФ-м и къулыкъу IэнатIэ пIалъэкIэ зыгъэзащIэхэм, УФ-м и хэгъуэгу къулыкъу IэнатIэ зыгъэзащIэхэм, муниципальнэ район къулыкъу IэнатIэ зыгъэзащIэхэм (мы иужьрейхэм яхьэлIауэ къыкIэлъыкIуэ е 2-нэ пунктыр къыхэлъытауэ);

2) къуажэ, жылагъуэ къулыкъухэм депутат къалэнхэр щызыгъэзащIэхэмрэ зи къалэнхэр пIалъэкIэ зыхьхэмрэ, — депутату щыхахам, депутат мандатыр щарытыжам е къулыкъу къалэнхэр щигъэтIылъам щегъэжьауэ мазиплI нэхъыбэ темыкIыу.

3)пIалъэкIэ къалэнхэр зыхь, УФ-м и хабзэ-мардэ актхэм хатха къэрал, муниципальнэ къулыкъущIэхэм;

4) къэрал корпорацэхэм, УФ-м и Пенсэ фондым, социальнэ страхованэмкIэ Фондым, Iэмал зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ Федеральнэ фондым, УФ-м и федеральнэ хабзэхэм япкъ иту къагъэщIа къинэмыщI къулыкъущIапIэхэм щылажьэхэм, фондхэм и хабзэ мардэ актхэм къыщыгъэлъэгъуа, Урысейм и Президентым е УФ-м и Правительствэм и УнафэкIэ пIалъэкIэ къулыкъу IэнатIэхэм трагъыхьахэм, трагъэкIыжахэм;

5) Урысей Федерацэм и Купсэ банкым къулыкъу IэнатIэ пIалъэкIэ щызыхьыну трагъыхьахэм е а банкым и унафэщI Советым игъэнэIуа спискэм иратхахэм щыщ къулыкъу IэнатIэ зыгъэзащIэхэм;

6) федеральнэ къэрал къулыкъухэм хуагъэува къалэнхэр зыгъэзэщIэну зи къалэн къулыкъухэм щылажьэхэм, гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэр и лъабжьэу, пIалъэкIэ къулыкъу IэнатIэ трагъыхьахэм;

7) къэзакъ бэдаущ жылагъуэхэм я атаманхэм;

8) финанс хуэIухуэщIэхэр къэзыгъэсэбэпхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ уполномоченнэхэм;

9) УФ-м и хабзэм ипкъ иту къинэмыщIхэми.

2. Хэхъуэм, мылъкум, мылъ-кум ехьэлIа къалэнхэм теухуа хъыбархэр къэзытын хуей, къулыкъу къалэнхэр пIалъэкIэ зыхьынухэм

Апхуэдэщ:

1) УФ-м, хэгъуэгум, муниципальнэ къэхъугъэхэм къэрал къулыкъу щызыхьынухэр;

2) сыт хуэдэрейуи щрет, къэрал къулыкъу зыщIэнухэр (а къулыкъум хыхьэхэр);

3) Урысей Федерацэм и хабзэ мардэхэм щыгъэнэIуа муниципальнэ къулыкъум пэрыувэм;

4) къэрал корпорацэхэм къулыкъу щызыщIэнухэм, ищхьэкIэ жыхуэтIа фондхэм пIалъэкIэ къэрал къулыкъу щызыхьынухэм;

5) УФ-м и Централънэ банкым пIалъэкIэ къулыкъу щызыщIэнухэм;

6) федеральнэ къэрал къулыкъущIапIэхэм къалэнхэр ягъэзэщIэным хуэлажьэ къулыкъухэм гуащIэдэкI зэгурыIуэныгъэм тету пIалъэкIэ къулыкъу IэнатIэ зыхьынухэм;

7) къэзакъыдзэхэм я атаман къалэнхэр зыгъэзэщIэнухэм;

8) финанс уполномоченнэ къалэнхэр, абы и лэжьыгъэр зезыгъэкIуэну къулыкъум и унафэщI къалэнхэр зыхьынухэм;

9)УФ-м и хабзэм тету къинэмыщI къулыкъущIэ къалэнхэр зыгъэзэщIэнухэм.

3. Хэхъуэм, хэщIым, мылъкум ехьэлIа, Iэмал зимыIэ хъыбарегъащIэхэр къабгъэдэкIын хуейщ къэрал къулыкъу къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, УФ-м и Президентым 2009 гъэм, накъыгъэм (майм) и 18-м, и № 557-уэ къыдигъэкIа Унафэм къыщымыгъэлъэгъуахэми, а къитхыкIым къыщымыгъэлъэгъуа къулыкъухэм техьэну хуейхэми.

БАЙРАМКУЛОВ Б.,
КъЧР-м гуащIэдэкIымкIэ
и къэрал инспекцэм
и унафэщI

Щыгъуэ

ГущIыхьэ тщыхъуащ

И ныбжьыр илъэс 94-м иту дунейм ехыжащ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ Ладогэ гуэлым иIа «гъащIэ гъуэгумкIэ» блокадэм ита Ленинград къалэм къыдаша сабий 32-м ящыщу Беслъэней къуажэм щапIа, зауэм и ветеран

ЦЕЙ (ЖДАНОВ)
Владимир Сэхьид
и къуэр

1954 гъэм Дон-Iут-Ростов къалэм дэт горно-электро - механическэ техникумым «горный техник» IэщIагъэр щызригъэгъуэтауэ щытащ. ИкIи, и гуащIэдэкI лэжьыгъэм Карачаевск шахтэ Управленэм щригъажьэри, пенсэм кIуэху абдеж щылэжьащ. И ехъулIэныгъэхэм къыпэкIуащ I, II, III нагъыщэхэр зиIэ, Шахтер ЩIыхьым и орденхэр.

Пенсэм кIуа нэужь и унагъуэр щIыгъуу Адыгэ-Хьэблэ къуажэм IэпхъуэжкIри, районым зауэмрэ гуащIэдэкIымрэ я ветеранхэм я Советым и пашэу лэжьащ, жылагъуэ Iуэху куэд иригъэкIуэкIащ щIалэгъуалэм хэкупсэ гъэсэныгъэ ягъэгъуэтыным ехьэлIауэ.

ЦIыхуфIу, гуапагъэ ин къызэбэкIыу дунейм тетащ Цей Владимир. Апхуэдэуи ар зыцIыхуу щытахэм игъащIэкIи ягу къинэнущ.

Адыгэ лъэпкъым дежкIи, Беслъэней къуажэдэсхэмкIи хэщIыныгъэ инщ хэкупсагъэ зыхэлъу дунейм тета лIы щыпкъэр дунейм зэрехыжар. Зэкъым Цей Владимир хуэгъэзауэ, абы и гъащIэмрэ и гуащIэмрэ щапхъэу къэдгъэлъагъуэу, адыгэ газетым тхыгъэ зэрытетар. ИкIи, сыт щыгъуи а тхыгъэхэм къыхэщт блокадникым Беслъэней къуажэм дэсхэм, езыр зыпIа Цейхэ, адыгэхэм яхуищI пщIэ иныр, щIыхь лъагэр, цIыху зэхущытыкIэфIхэм, гущIэгъу пхэлъын зэрыхуейм дэтхэнэри къыхуриджэт.

Дадощыгъуэ Цей Владимир зыхэкIыжа быным, унагъуэм, лъэпкъым. Тхьэм фщимыгъэгъупщэкIэ. Дунейм ехыжам и ахърэтыр Тхьэм нэху ищI.

«Черкес хэку» газетым
и редакцэм и
лэжьакIуэхэр

«Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ин тщыхъуащ илъэс куэдкIэ адыгэ газетым гуащIафIэу щылэжьа, гуапэу къытхэта Дэхъунэ Розэ и щхьэгъусэ

АСЛЪЭМБЭЧ Мыхьэмэт и къуэр

дунейм зэрехыжар. Дадощыгъуэ и быным, унагъуэм, къыдалъхуахэмрэ и Iыхьлыхэмрэ.
Дунейм ехыжам и ахърэтыр Тхьэм нэху ищI. Быным вгъуэта хэщIыныгъэр шэчыгъуафIэ Тхьэм фхуищI.

Ди телеграмм каналыр

@CHERKESHAKU

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

369000, КъЧР,Черкесск къалэ,
КировкIэ зэджэ утыку, № 23,
Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ГУНДЭХЪУ Аня,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий,
Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Жантемыр Зураб.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион",
Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2953-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м,
щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м
пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь
АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор
ТУАРШЫ Ирэ,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
операторхэу
ЕМЗЭГЪ Даринэ,
ДЖЫДЖИЙ Динэ